ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№105 (23.513) ● 2017 гъэм мэкъуаугъэм (июным) и 6, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ Iуэхущхуэхэр къытпэщытщи, псори къыддэлажьэну къыдогъэблагъэ»

1997 гъэ лъандэрэ Санкт-Петербург илъэс къэс къыщыIэзрагъэпэщ дунейпсо экономикэ зэхьыхьэшхуэм щыхоплъэ Урысейм, зызыужь рынокхэм, зэрыщыту дунейм къэралу щыIэм кьапэщыт экономикэ Iуэху нэхъыщхьэхэм. Иджырей зэхьыхьэр екIуэкIащ «Дунейпсо экономикэм и зэпIэзэрытыныгъэщIэ къэлъыхъуэныр» къыхуеджэныгъэм щIэту. Абы къыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир.

Пщlэ зыхуэсщI зиусхьэнхэ! Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Санкт-Петербург щекIуэкI XXI дунейпсо экономикэ зэхьыхьэшхуэм кьрихьэлIаехэм: дунейпсо зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэм, къэралхэм я унафэщIхэм, дуней псом щыIэ къэралу пщIы бжьыгъэхэм я правительствэхэм я Iэтащхьэхэм, бизнесым и лэжьакIуэ пэрытхэм сэлам гуапэ фызох.

Дэ хуабжьу ди гуапэщ Урысейм фи гупэр къызэрыхуэвгъэзар, абы къыдэлажьэныкIэ хэкIыпIэхэм фызэрытепсэльыхьыр. Дэ дыхуэзIухащ дунейпсо зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкIэ стратегие мыхьэнэ зиIэ Iуэхуэхэр дзгъэкIыным хуэгъэзауэ зэдэлажьэным, лъэныкъуэ псомк я сэбэп зыхэлъ проектхэр гъэзэщIэным.

ДызэщIыгъумэщ, ди зэфIэкIхэр зэдгъэуIумэщ иджырей Iуэху зэIымыбзхэр къущIыгъэзэдэкIыфынур, дунейпсо экономикэм и зыужьныгъэр щедгъэкIуэкIыфынур, сату щыныкIмрэ лэжьыгъэкIэ зэпеуэныкIэ захуагъэ зыхэлъ хабзэхэр щыдгъэувыфынур, тхьэмыщкIагъэр нэхъ мащIэ щытщIыфынур, социальнэ Iуэху нэхъ гугъу дыдэхэр щыдгъэзэщIэфынур, терроризмэм, щыналъэ зэныкъуэкъухэм, национализмэрэ ксенофобиемрэ я щынагъуэхэм дащыпэлъэщынур.

Дэ къэкIуэну гугъуехьышхуэхэм я бжэщхьэIум дебэкъуащ икIи Iуэху хьэлъэхэм, илъэпIэкIэ цивилизацэ мыхьэнэ зиIэхэм даIууэу щIэддзащ. Псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ цIыхум илэжьхэми щIыуэпсым къыщыкъу Iуэхуэхми ялкъ иткIэ щIы хъурейм и экологием кIуэтэху нэхъ дытехьэлъэу йокIуэкI. А Iуэхуэхэр кууэу джын, къэхутэн, зэпкърыхьн хуейщ.

Ауэ, зэрыгурыIуэгъэущи, ди политикэр, зэщIыгъуу дыз эрыздэлэжьэнур щIыдубзыхукIэ, дэ жэуаплныгъэ тхэпын икIи тчы лъэбакъуэ псори зэпэтлъытын хуейщ. Апхуэдэу фIэкIа пхуэзфIэгъэкIынукъым дунейпсо зыужьныгъэр тэмэму зэтеухуэным пыщIа лэжьыгъэхэр.

Абы щIызгъужну сыхуейщ иджырей технологиехэм дызэса гъащIэр псынщIэу зэрызэрахъуэкIыр, Iэнатlэщlэхэмрэ Iэщlагъэщlэхэмрэ къызэрагъэщIыр, зыужьыныгъэмкIэ нэхъапэм щымыIа хэкIыпIэхэр къызэрызэрагъэпэщыр, ауэ абыхэм зэи дызэмыгупсыса шынагъуэхэри къаззрыдэкIуэр. Дыгъуасэ псори жьыджэру фызэрылажьар, сессие, зэхьыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм фызэрыщызэхуэзар сощIэ. ИкIи абыхэм, дауи, къыщыфIэтащ ищхьэкIэ зи гугъу щысщIахэр.

Ауэ къытезгъэзэжу иджыри зэ жыслIэну сыхуейщ: дэ иджыпсту кьытпэщытщ езы гъащIэм кьыдэкIуа икIи зэман кIыхькIэ щыIэну гугъуехьхэр икIи абыхэм кьытхуахьыну псори къыубжыну, къэпIлъэтну гугъуэ. Абы къыхэкIыу дэ зэгурымыIуэныгъэхэм, зэныкъэкъуэхэм, геополитикэ кьэгъэщагъэхэм ди къаурмрэ зэманымрэ тедгъэкIуадэ хъунукъым, тедгъэкIуэдэную дыхуиткъым.

Дэ губзыгъэгъэрэ жэлпныныгъэрэ тхэлъным, кьызэрымыкIуэ хэкIыпIэхэр къэлъыхъуэным зэщIыгъуу делэжьын, къэралхэм, щIыналъэ зэгухьэныгъэхэм, бизнесым, щIэныгъэ Iэнатlэм я зэдэлажьэныгъэм и Iэмалыщ Iэхэр къдгъэтын хуейщ.

Абы папщIэ нэхъ нэгъэсауэ къэхъэсабэпхъэщ зыхуэгъгъэдэн щымыIэ, сыт и лъэныкъуэкIи узыщIигуръ хъуну организацэм, Пъэлпъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм, и зэфIэкIыр. Нобэ дэ кьытхэтщ Пъэлпъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Генеральнэ Секретарыр. Ар ди деж къызэрыкIуам сыщыгуфIуаэащи, абы папщIэ фIыщIэ хуэсщI икIи ар къыздэфIыгъыну фэри сыныволъэIу.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр хуэзащ Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIым

КъБР-м и Правительствэм и Унэм КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ щыхуэзащ республикэм лэжьыгъэ Iуэхуэкlэ къэкIуауэ щыIэ, Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Аристов Дмитрий.

АХЭР зытепсэлъыхьа Iэху нэхъыщхьэр щIыналъэм и бюджетым и хэхъуэ Iыхьэр къызэгъэпэщыныкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныщ.

Зэпкърыхауэ хэплъащ законыр, хабзэр гъэбыдэным, цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ абыхэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным, иджырей информацэ технологиехэмрэ электрон автоматикэ системэхэмрэ къэгъэсэбэпыным. Хэхауэ гу лъатащ Iэнатlэм и кьулыкъущIхэр гъэхьэзырыныкIэ абыхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэныкIэ.

Республикэм и Iэтащхьэр Аристов Д. В. Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIу зэрагъэувамкIэ ехъуэхъуащ икIи жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ а къулыкъум ехъулIэну зэригупэр жриIащ.

Аристов Дмитрий кьыхиригъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщIэкIуам и щхьэусыгъуэр щIыналъэм щыIэ управленэм и лэжьыгъэр кьипщытэну икIи абы ныпэ иритыну зэрыарар.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

УФ-м и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и ныпыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Суд приставхэм кьратащ. Абы теухуа гуфIэгъуэм хэтащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А., УФ-м и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Аристов Д. В. сымэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А., Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Аристов Д. В. сымэ дыгъуасэ хэтащ УФ-м и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и ныпыр къыздэхъуэпсащ. Абы щыгъуэ Iэнатlэм и Унафэщым Аристов Дмитрий фIыщIэ хуищIащ республикэм и нэIэ къыздэрытригъэтыж икIи къызэрыдэIэпыкъум папщIэ.

Урысейм и Суд пристав нэхъыщхьэм и псалъэм къыхиригъэщхьэкIащ: «КъулыкъущIапIэм псынщIэу зеужь. Адэкlэ лэжьыгъэшхуэ къытпэщытщ. Быдэу си фIэщ мэхъу къыхуагъэува къалэнхэр нэгъэсауэ ягъэзэщIэным управленэм и лэжьакIуэхэм къарууэ яIэр зэрырахьэлIэнур».

Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и УнафэщI Мер Юрий.

УФ-м и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ зыбжанэм я къалэнхэр дагъэнэшу зэрырахьэкIым папщIэ дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

УсакIуэ щэджащэ

Урыс литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Пушкин Александр къыщалъхуа махуэщ нобэ. Ар уахътыншэ ящIащ и IэдакъэщlэкIхэм, лIэщIыгъуитIым щIигъу дэкIа нэужьи тфIэгъэщIэгъэну дызэдгъэхэм.

УсакIуэ щэджащэр 1828 гъэм Кавказым зэрыщыIам и фIыщIэкIэ, дунейм кьытехьащ «Путешествие в Арзрум» очеркхэр, «Кавказ», «Обвал», «На холмах Грузии» усэхэр, «Кавказский пленник», «Бахчисарайский фонтан» поэмэхэр, нэгъэщIэхэри.

Урысыбзэр литературэбзэ бей зыщIыфа тхакIуэм, усакIуэм тельыджэш зэрыпсэуа илъэс 38-м хуэзфIэкIар. Аращ абы итхахэр зэманым фагъуэ щыщIэмыхъукIынур.

● ХъыбарегъащIэ

Пушкиным и махуэм фрагъэблагъэ

Пушкин Александр и махуэр Налшык къалэм нобэ щагъэлъэпIэнэщ.

УсакIуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэнущ сыхьэт 11-м. Абдеж Пушкиным и IэдакъэщlэкIхэм щыщ къыщеджэнущ. Ар къыздригъэпэщащ Налшык къалэ округым и Централизованнэ библиотекэм. Пушкин Александр и усэхэр фIыуэ зылъагъу дэтхэнэми Iэмал иIэщ абы къыщыпсэлъэну. Централизованнэ библиотекэм зы маззкIэ щекIуэкIынущ «Как вечно пушкинское эхо» гъэлъэгъуэныгъэр.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапl эм.

Зи чэзу къэпщытэныгъэхэр

ЕГЭ-м и зи чэзу къэпщытэныгъэхэр екIуэкIащ дыгъуасэ - курыт еджапIэр къэзыуухэм обществознаниер ятащ.

А ПРЕДМЕТЫМКIЭ я щIэныгъэр зэдынэсыр къащIэну хуейуэ щIыху 2559-м зыщагъэтхэщ мы гъэм ди республикэм. Ар мы илъэсым курыт еджапIэр къэзыуухэм я зэхуэдитIым щIегъу.

Экзаменыр щатащ щIыпIэ 17-м. Ахэр зэрекIуэкI щIыкIэр я нэIэм щIэтащ жылагъуэм ар пщэрылъ зыщищIахэми Урысейм щIэныгъэм щыкIэлъыплъыныкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэми.

Экзаменыр зыт цIыхум хуагъэуэ къалэнхэр Iыхьитlу гуэшат, жэуап зратын хуей упщIэу 29-рэ кьызэщIаубыдэу. Къэпщытэныгъэр къитIэсэн хуейт абы хухаха сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 55-м. Абы пхыкIауэ къальытэн щхьэкIэ, еджакIуэм нэхъ мащIэ дыдэу я предметымкIэ кьихьын хуейщ балл 42-рэ. Экзаменым кърикIуэкар наIуэ къэхъунущ мэкъуауэгъуэм и 22-м и пэ кьихуэу.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, зы хабзэм тету ят экзаменхэр ди къэралым щекIуэкIынущ накъыгъэм и 29-м кьыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ. Псори зэхэту абы хэтынущ цIыху мин 703-м нэблагъэ, абыхэм ящыщу мин 617-м нэблагъэр мы гъэм курыт еджапIэр къэзыуухэрщ. ЕГЭ-р щекIуэкI УФ-м и щIыналъэ псоми, апхуэдэуи хамэ къэрал 52-м.

ДЖАТОКЪУЭ Залинэ.

● Абы дегъэпIейтей

«Къыззгъэпэщыжын» псальэр нэхъ къоззгъ

«Эксперт Юг» порталым къигъэльэгъуащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и инвестицэ проект нэхъ ин дыдэхэм ящыщу 30: «Металлургием и Iэнатlэм зегъэужьыныкIэ нэхъыщхьэ дыдэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхьилIэм къурш-металлургие комплекс къыщыззгъэпэщыныкIэ проектыр (абы сом мелард 14 текIуэдэну яку къабжащ). Мыбдеж «реконструкцэ» е «зэтегъуэвэжын» псальэхэм нэхърэ нэхъ къыщоззгъ «къыззгъэпэщын» псальэр. Сыту жыIэмэ, совет зэманым еIым и Iэнатlэм хиубыдэу дуней псом щыпашэхэм ящыщ зыуэ щыта Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр 2001 гъэм банкрот хъуа нэужь ипэжыпIэкIэ нэсу зэхащIэгъуэжри зэхакъутащ, абы къыхэкIыу зэтебгъэувэж хъун зыри къэнакъым».

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитет.

● Урысейпсо зэпеуэм кIуэнухэр

Бетрожь КIунэ уэрэди дахэу жеIэ

Налшык къалэ дэт «Успех» щIэныгъэ центрым накъыгъэм и 23-м зэхьыхьэ гуапэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ «2017 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр зэрызэхуащIыжым.

IУЭХУЩIАПIЭМ и хьэщIэ лъапIэхэт КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджакIуэныгъэкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министр **Емуз Нинэ**, Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлажьэныкIэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**, Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор **Альтуд Юрий**, КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор **Апажэ Аслъэн**, егъэджакIуэхэм я профсоюз зэгухьэныгъэм и республикэ советым и пашэ **Карныш Сергей** сымэ, нэгъэущIхэри.

Илъэс 20-м нэсауэ ди щIыналъэм щекIуэкI мы зэпеуэм папщIэ КъБР-м егъэджакIуэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министр Емуз Нинэ жиIащ:

- Къызэрежьа лъандэрэ зэпеуэм и екIуэкIыкIэм мызэ-мытIэу зихъуэжащ, ауэ зэхъуэкIыныгъэ имыгъуэту кьэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджакIуэ зэчиифIэхэм езыхэм ящIэмкIэ адрейхэм ядэгугъэшэр, ахэр гъэлъэпIэныр, гъэгушхуэныр, я гугъуэхьыр лъытэныр. Зэхьэзэхуэм и хабзэфIу уващ текIуэныгъэр кьэзыхьа егъэджакIуэр зыщIщ щIыпIэм пшыхьыр щегъэкIуэкIыныр. Араущи, дэ дыхущIокъу Урысейпсо зэпеуэм щытекIуэр щагъэлъапIэ пшыхьыр щекIуэкIын щIыпIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр хъуным.

- Егъэджакlуэ Iэщlагъэр сыт зэмани щытащ икIи щытщ адрейхэм нэхърэ пщIэ нэхъ игъэуту. ЗэрытщIэщи, дызэрыт зэманым абыхэм я пащхьэм къалэн зэхуэмыдэхэр къитщ, икIи абы кьыхэкIыу ирагъэдж предметым фIыуэ хащIыкIыным, иджырей технологием нэсу щыгъуэзэным и мызакъуэу, абыхэм зыхащIэн хуейщ цIыхубэм я деж къыщыхъуэ зэхъуэкIыныгъэхэри. Иджыпсту нэхъыщхьэр еджакIуэхэр езыхэр гупсысэфу, зыхуэй унэтIыныгъэр къыхахыфу, абыкIэ жэуап яхьыжьыфу егъэсэныращи, Тхьэм дыпигъэлъэщI - жиIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.

Республикэм щекIуэкIа мы зэпеуэм курыт школхэм я лэжьакIуэу 13 хэтат. Ахэр псори зэрыфым щэч хэлътэкъым. Ауэ зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым Москва щекIуэкIынкIэ урысейпсо зэпеуэм ди щIыналъэм къыбгъэдэкIыу кIуэну хуэфащэу, зэхьэзэхуэм хэта псоми ефIэкIыу къальытащ Налшык къалэ дэт 2-нэ лицейм инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэ Бетрожь КIунэ. Абы хуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым кьыбгъэдэкI щытхъу-фIыщIэ тхьилъымрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ.

Зэпеуэм и лауреат хъуахэми, абы хэта дэтхэнэми щытхъу тхьилъымрэ гукъинэж ящыхъуэ тыгъэхэмкIэ яхуэупсащ. Гулъытэншэ ящIакъым зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтахэри, мыльку и лъэныкъуэкIэ абы зыкъыщIэзыгъэкъуахэри. Абыхэм КъБР-м Егъэджакlуэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министерствэм кьыбгъэдэкI фIыщIэ тхьилъэр ираташ.

Пшыхьэр ягъэдэхащ Бахъсэн къалэ дэт 2-нэ прогимназием и къэфакIуэ, уэрэджьакIуэ гупым, Налшык къалэ дэт «Дыгъафlэ къала» сабий творчествэмкIэ академием и «Арабеск» ансамблым, Кьардэн зэкъуэшхэм я цIэр зэрихьэу Аушыджэр кьуажэ дэт школым и егъэджакIуэ хорым, Ташлы-Тала кьуажэм и «Йийнар» гупым. Телъыджэт зэпеуэм щытекIуа Бетрожь КIунэ и уэрэд жьIэкIэри.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

НОБЭ

♦Урысыбзэм и махуэщ. ООН-м Жылагъуэ хьыбарегъащIэ Iэхуущ Iапl эмкIэ и департаментым и жэрдэмкIэ ягъэуващ 2010 гъэм. УФ-м щагъэлъапIэ 2011 гъэм къыщыщIэдзауэ. Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм нэхъ кьигъэсебэп бзихьм ящыщщ урысыбзэр, инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэ Бетрожь КIунэ. Абы хуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым кьыбгъэдэкI щытхъу-фIыщIэ тхьилъымрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ.

♦1944 гъэм етIуанэ фронтыр къызэIуахащ.

♦1945 гъэм «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэщхэм и лъэхъэнэм и къару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ» медалыр ягъэуващ.

♦1957 гъэм къэралым щыяпэу Москва «Детский мир» тыкуэнэр къыщызэIуахащ. Сабий хьэпшыпхэр щащэ апхуэдэ тыкуэнхэр кьыкIэлыкIуэ илъэсхэм щылажьэ хъуащ СССР-м и адрей къалэшхуэхэми.

♦1992 гъэм Урысейм и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ Москва къалэм и Iэтащхьэу Лужков Юрий зэригъэувам теухуа унафэм.

♦Нэмыцэ тхакIуэ цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр 1929 гъэм зрата **Манн Томас** къызэралъхурэ илъэси 142-рэ ирокъу.

♦«Спартак», «Гаянэ» балет цIэрыIуэхэр, нэгъэущI куэди зытха ермэлы композитор, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Хачатурян Арам** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, Сталиным и цIэр зэрихьэу яту щыта саугъэтыр 1951 гъэм зыхуагъэфэща **Пельтцер Татьянэ** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфI **АпажэАхьмэд** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, ГъуазджэхэмкIэ Петровскэ академием и академик, УФ-м метеорологиемкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Хьэжбарэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мыщэ жея къыумыгъэуш, лIы мышынэ умыгъэгубжь.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2017 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр зэрекIуэкIыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кIэпIейкIи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

«Зыужьныгъэм хуэзгъэзауэ Іуэхушхуэхэр къытпэщытщи, псори къыддэлэжьэну къыдогъэблагъэ»

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Дэ къыхэтлъхьащ Санкт-Петербург щекІуэкІ экономикэ зэІуцІэшхуэм хиубыдэу дунейпсо щІэныгъуэлІэ секцэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщыну, сыту жыпІэмэ щІэблэщІэрщ пщэдейрей махуэм хуэунэтІар. Аха́рщ къэкІуэнур зэтезыгъэувэнури абы хэпсэукІынури. А секцэм хэтхэм яхуэзфІэкІынт езыхэм я къэралхэм, зэрыщыту цивилизацэм я къэкІуэнур зэпкърахыну, абы и щытыкІэнур яубзыхну.

Пщіэ зыхуэсщі си лэжьэгъуэх!

Дуней псом щыІэ гугъуехьэр дэгъэкІынымкІэ ижьыпсту щыщІэдзауэ Урысейр холэжьыхь икІи а лэжьыгъэр нэхъри щигъэхуэбжьэну хьэзырщ. Дэ экологие программэ инхэр, абыхэм Арктикэм хуэгъэзаэхэри яхэту, догъэзащІэ, фІагъ нэс зиІэ ерыскъыпхъэу дунейпсо рынокым щытщэр кІуэтэху нэхъыбэ дощІ, узынышагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо организацэм и программэхэм дызэрыхэтым зыдогъэубгъу. Гугъуехь нэхъ ин дыдэхэр къызэнэкІынымкІэ хэкІыпІэкэр къэтлъхьэхуэн папщІэ Урысейм и фундаментальнэ щІэныгъэ къэхутэныгъэ лъэщхэр щІэгъэкъуэн къэтщІыну дыхьэзырщ.

Псалъэм папщІэ, математикэмрэ теоретическэ физикэмкІэ къэхутакІуэ гуп лъэщхэр зэрыдиІэм къыхэкІыу дэ иджырей экономикэщІэ жьхуаІэм и унэтІныгъэ зыбжанэмкІэ, къапщтэмэ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ унэтІныгъэмкІэ, бжыпІэр дубыдыфынущ. Урысей IT-компаниехэр, щэч хэмылъу, дуней псом щынэхъ лъэщхэм ящыщщ. Ди Хэкум и Іэщ ІагъэлІхэм программэхэмкІэ зыхуэбгъэдэн щымыІэ хэкІыпІэ нэхъыфІ дыдэхэр къыхалъхьэм къыщымынэу, ипэжьпІэкІэ, щІэныгъэм и Іэнатіэщ Іэхэр, экономикэмрэ гъащІэмрэ заужьынымкІэ зэкІыпІэщІэхэр зэтрагъэувэ.

Псалъэм къыдэкІуэу жысІэнщи, сыхуейт нобэрей утыкур хэкІыпІэ зэрыщІэсыр Информацэ технологиехэмкІэ, механикэмкІэ, оптикэмкІэ Санкт-Петербург дэт университетым и студентхэм, мы гъэм аргуэру еблэнэу программэхэр зэхэлъхьэнымкІэ дунейпсо чемпионатым щытекІуахэм, сехьэхъуэну. Ди зэІущІэр езыгъэкІуэкІыр Санкт-Петербург щыпсэуэхэм я тепсэлъыхьащ. Абы жиІэхэр нэгъэсауэ пэжщ, ахэр пщІэ зыхуэфащэ щІыхуэкІ икІи Санкт-Петербург щыпсэу ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІыр абы и щыхьэт наІуэщ.

Бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм и Іэнатіэм лэжьакІуэхэм, щІэныгъэм, технологиехэм я лъэныкъуэкІэ щыдиІэ ефІэкІынигъэхэм нэхъри зедгъэужьын папщІэ дэ ди мурадщ зэпІэзэрыту япэкІэ кІуэтэным хуэгъэзауэ дылэжьэну. Сыт абы къикІыр?

Япэр - бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэр ґъащІэм и Іэнатіэ псоми къыщыгъэсэбэпынымкІэ иджырей хабзэ мардзэхэр къызэгъэпэщыпхъэщ. Абы хиубыдэу сыт хуэдэ унафэри къыщащтэкІэ къальытэн хуейщ къэралым, бизнесым, цІыхухэм информацэ и лъэныкъуэкІэ я щынагъуэнщагъэ къызэгъэпэщыну.

ЕтІуанэр - бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэм я Іэнатіэм щылажьэ компаниехэу зи къэхутэныгъэхэр нэгъуэщІ Іэнатіэхэми къыщагъэсэбэп хъунухэм къэралыр ядэлэпыкъунущ. Апхуэдэхэм ящыщщ бжыгъэ куэд зэхуэхьэсыныр-рэ ахэр зэпкърахьныжьмрэ, нейротехнологиехэр, адрей иджырей технологие пыухыкІахэр.

Ешанэр - къэралымрэ уней бизнесымрэ я къару зэхэлъкІэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм и инфраструктурэ нэхъыщхьэр, абыхэм связым и линэ шынагъуэнщэхэр, бжыгъэхэм щелэжь центрэр яІэ, зыхэдгъэпэщынущ. Гу лъыввэгъэтэну сыхуейщ апхуэдэ инфраструктурэм и лъабжьэу технологие пэрыт дыдэхэмрэ къэхутэныгъэщІэхэрэ щытын зэрыхуейр.

ЕтІанэр - хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэ ящІынущ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм щылажьэн папщІэ яґэхьэзэзыр ІэщІагъэлІхэр, ипэжьпІэкІэ къэбгъэльагъуэмэ, нэхъ къалэнышхуэ, лъэпкъ мыхьэнэ зиІэ къалэн зэфІэгъэкІын - бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм и лъэныкъуэкІэ щыІэ щІэныгъэшагъэ къызэнэкІын хуейщ. Абы папщІэ егупсысауэ егъэфІэкІуэн хуейщ егъэджэныгъэ щылажьэ гъэзэжьауэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм нэсыху къызэрыщыкІэзэпэщІар. ЗэрыгурыІуэрэ, ныбжь зэмылІэужьыгъуэхэм ит цІыхухэм папщІэ программэхэри зэтегъуэвапхъащ.

Сэ къалэн зэрыщысщІам тету Правительствэм игъэхьэзыращ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм зегъэужьынымкІэ программэ. Гу лъыввэгъэтэну сыхуейщ - Іупщіу убзыхупхъащ ар яґъэзэщІан папщІэ текІуэдэну ахъшэм и хэкІыпІэхэр, ахъшэр зыужьэдизымрэ ар зэрызэрагъэкІуэну щыкІэмрэ. А псоми дыщытепсэлъыхьынущ Стратегие зыужьныгъэмрэ проект пэрытхэмкІэ советым и зи чэзу зэІущІэм.

Пщіэ зыхуэсщі си лэжьэгъуэх!

Аргуэру къытызогъэзэж - бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэр Іэнатіэ щхьэхуэм, ар бизнесым, сатум, логистикэм, производствэм я къэзгъэпэщыкІэщІэхэр зэтегъэувэнымкІэ лъабжьэщ, абы егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, къэрал управленэм, цІыхубз коммуникацэхэм я къызэгъэпэщыкІэхэр екъуэж, апхуэдэу щыщыткІэ, къэралым, экономикэм, зэрыщыту цІыхубэм я зыужьыкІэм и хэкІыпІэхэр еубзыху.

Мис а псори къэлъытауэ дэ ди экономикэр, технологие политикэр, промышленностыр, инфраструктурэр дубзыхунущ, хьэрычэт Іуэхуэр, лэжьыгъэмкІэ рынокыр къызэІухауэ. Зэтедгъэувэнущ, зэман кІыхьым хуэунэтІа зыужьыныгъэм пыщІа къалэнхэр дэдгъэкІынущ. Нобэм ирихьэлІэу дэ жьитІэ хъунущ экономикэм щІэрыщІэу зыкъыІэтыжу зэрыхуежьар.

Урысейм и къэрал кІуэцІ валовэ продуктым зэкІэлъыкІуэу квартал ещанэ лъандэрэ хохьэ. ЗэкІэ къыззрабжамкІэ, мэлыжьыхь мазэм абы процент 1,4-рэ къыщІигъуащ. Автомобилу ящэм, ипотекэ кредиту ятым хохьэ. Абыхэм я гугъу щІэсщІыр мыращ: ІэщіагъэлІ псори зэрыщыґъуэзэщи, эксперту щыІэм къалъытэ апхуэдэ бжыгъэхэр экономикэр къызэрыщІэрэщІожьым, цІыхухэм къащхэр нэхъыбэ зэрыхъуэ и щыхьэт нэхъыщхьэу.

Мыбыи гу лъытта хуэщІ: 2016 гъэм и щІышылэ - мэлыжьыхь мазэхэм къыриубыдэу автомобилу ящар процент 2,6-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Нобэм ирихьэлІэу дэ къыдэхъулІауэ жьыпІэ хъунущ ахъшэм и пщІэр зэрыкІэрыхур ґъэмэщІэныжьмкІэ дызыхъэплъа къалэнхэр, апхуэдэу дэ дыщогугъ илъэсым къыриубыдэу ар зыхуэдгъэувыжам нэхърэ нэхъ мащІэну, процентиплІым фІэмякІыну. Абы и фІыщІэкІэ Урысейм и Банкым зэкІэлъыкІуэу егъэмащІэ ахъшэ щыхуэм проценткІэ трапльхьэр.

Псалъэм къыдэкІуэу къэзгъэлъэґуэлъхъэщ: мы зэхьхьэшхуэм хиубыдэу екІуэкІа псалъэмакъэм инвестиционнэ зыхуэсбгъэдэн щымыІэ хэкІыпІэ нэхъыфІ дыдэхэр къыхалъхьэм къыщымынэу, ипэжьпІэкІэ, щІэныгъэм и Іэнатіэщ Іэхэр, экономикэмрэ гъащІэмрэ заужьынымкІэ зэкІыпІэщІэхэр зэтрагъэувэ.

Псалъэм къыдэкІуэу жысІэнщи, сыхуейт нобэрей утыкур хэкІыпІэ зэрыщІэсыр Информацэ технологиехэмкІэ, механикэмкІэ, оптикэмкІэ Санкт-Петербург дэт университетым и студентхэм, мы гъэм аргуэру еблэнэу программэхэр зэхэлъхьэнымкІэ дунейпсо чемпионатым щытекІуахэм, сехьэхъуэну. Ди зэІущІэр езыгъэкІуэкІыр Санкт-Петербург щыпсэуэхэм я тепсэлъыхьащ. Абы жиІэхэр нэгъэсауэ пэжщ, ахэр пщІэ зыхуэфащэ щІыхуэкІ икІи Санкт-Петербург щыпсэу ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІыр абы и щыхьэт наІуэщ.

Бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм и Іэнатіэм лэжьакІуэхэм, щІэныгъэм, технологиехэм я лъэныкъуэкІэ щыдиІэ ефІэкІынигъэхэм нэхъри зедгъэужьын папщІэ дэ ди мурадщ зэпІэзэрыту япэкІэ кІуэтэным хуэгъэзауэ дылэжьэну. Сыт абы къикІыр?

Япэр - бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэр ґъащІэм и Іэнатіэ псоми къыщыгъэсэбэпынымкІэ иджырей хабзэ мардзэхэр къызэгъэпэщыпхъэщ. Абы хиубыдэу сыт хуэдэ унафэри къыщащтэкІэ къальытэн хуейщ къэралым, бизнесым, цІыхухэм информацэ и лъэныкъуэкІэ я щынагъуэнщагъэ къызэгъэпэщыну.

ЕтІуанэр - бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэм я Іэнатіэм щылажьэ компаниехэу зи къэхутэныгъэхэр нэгъуэщІ Іэнатіэхэми къыщагъэсэбэп хъунухэм къэралыр ядэлэпыкъунущ. Апхуэдэхэм ящыщщ бжыгъэ куэд зэхуэхьэсыныр-рэ ахэр зэпкърахьныжьмрэ, нейротехнологиехэр, адрей иджырей технологие пыухыкІахэр.

Ешанэр - къэралымрэ уней бизнесымрэ я къару зэхэлъкІэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм и инфраструктурэ нэхъыщхьэр, абыхэм связым и линэ шынагъуэнщэхэр, бжыгъэхэм щелэжь центрэр яІэ, зыхэдгъэпэщынущ. Гу лъыввэгъэтэну сыхуейщ апхуэдэ инфраструктурэм и лъабжьэу технологие пэрыт дыдэхэмрэ къэхутэныгъэщІэхэрэ щытын зэрыхуейр.

ЕтІанэр - хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэ ящІынущ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм щылажьэн папщІэ яґэхьэзэзыр ІэщІагъэлІхэр, ипэжьпІэкІэ къэбгъэльагъуэмэ, нэхъ къалэнышхуэ, лъэпкъ мыхьэнэ зиІэ къалэн зэфІэгъэкІын - бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм и лъэныкъуэкІэ щыІэ щІэныгъэшагъэ къызэнэкІын хуейщ. Абы папщІэ егупсысауэ егъэфІэкІуэн хуейщ егъэджэныгъэ щылажьэ гъэзэжьауэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм нэсыху къызэрыщыкІэзэпэщІар. ЗэрыгурыІуэрэ, ныбжь зэмылІэужьыгъуэхэм ит цІыхухэм папщІэ программэхэри зэтегъуэвапхъащ.

Сэ къалэн зэрыщысщІам тету Правительствэм игъэхьэзыращ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм зегъэужьынымкІэ программэ. Гу лъыввэгъэтэну сыхуейщ - Іупщіу убзыхупхъащ ар яґъэзэщІан папщІэ текІуэдэну ахъшэм и хэкІыпІэхэр, ахъшэр зыужьэдизымрэ ар зэрызэрагъэкІуэну щыкІэмрэ. А псоми дыщытепсэлъыхьынущ Стратегие зыужьныгъэмрэ проект пэрытхэмкІэ советым и зи чэзу зэІущІэм.

Пщіэ зыхуэсщі си лэжьэгъуэх!

Аргуэру къытызогъэзэж - бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэр Іэнатіэ щхьэхуэм, ар бизнесым, сатум, логистикэм, производствэм я къэзгъэпэщыкІэщІэхэр зэтегъэувэнымкІэ лъабжьэщ, абы егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, къэрал управленэм, цІыхубз коммуникацэхэм я къызэгъэпэщыкІэхэр екъуэж, апхуэдэу щыщыткІэ, къэралым, экономикэм, зэрыщыту цІыхубэм я зыужьыкІэм и хэкІыпІэхэр еубзыху.

Мис а псори къэлъытауэ дэ ди экономикэр, технологие политикэр, промышленностыр, инфраструктурэр дубзыхунущ, хьэрычэт Іуэхуэр, лэжьыгъэмкІэ рынокыр къызэІухауэ. Зэтедгъэувэнущ, зэман кІыхьым хуэунэтІа зыужьныгъэм пыщІа къалэнхэр дэдгъэкІынущ. Нобэм ирихьэлІэу дэ жьитІэ хъунущ экономикэм щІэрыщІэу зыкъыІэтыжу зэрыхуежьар.

Урысейм и къэрал кІуэцІ валовэ продуктым зэкІэлъыкІуэу квартал ещанэ лъандэрэ хохьэ. ЗэкІэ къыззрабжамкІэ, мэлыжьыхь мазэм абы процент 1,4-рэ къыщІигъуащ. Автомобилу ящэм, ипотекэ кредиту ятым хохьэ. Абыхэм я гугъу щІэсщІыр мыращ: ІэщіагъэлІ псори зэрыщыґъуэзэщи, эксперту щыІэм къалъытэ апхуэдэ бжыгъэхэр экономикэр къызэрыщІэрэщІожьым, цІыхухэм къащхэр нэхъыбэ зэрыхъуэ и щыхьэт нэхъыщхьэу.

Мыбыи гу лъытта хуэщІ: 2016 гъэм и щІышылэ - мэлыжьыхь мазэхэм къриубыдэу автомобилу ящар процент 2,6-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Нобэм ирихьэлІэу дэ къыдэхъулІауэ жьыпІэ хъунущ ахъшэм и пщІэр зэрыкІэрыхур ґъэмэщІэныжьмкІэ дызыхъэплъа къалэнхэр, апхуэдэу дэ дыщогугъ илъэсым къриубыдэу ар зыхуэдгъэувыжам нэхърэ нэхъ мащІэну, процентиплІым фІэмякІыну. Абы и фІыщІэкІэ Урысейм и Банкым зэкІэлъыкІуэу егъэмащІэ ахъшэ щыхуэм проценткІэ трапльхьэр.

Псалъэм къыдэкІуэу къэзгъэлъэґуэлъхъэщ: мы зэхьхьэшхуэм хиубыдэу екІуэкІа псалъэмакъэм инвестиционнэ зыхуэсбгъэдэн щымыІэ хэкІыпІэ нэхъыфІ дыдэхэр къыхалъхьэм къыщымынэу, ипэжьпІэкІэ, щІэныгъэм и Іэнатіэщ Іэхэр, экономикэмрэ гъащІэмрэ заужьынымкІэ зэкІыпІэщІэхэр зэтрагъэувэ.

Етіуанэр. Экономикэм адрей Іэнатіэхэм елъытауэ нэхъ псынщІэу зедгъэужьын папщІэ дэ нэрылъагъуэ хэдгъэхъуэн хуейщ транспортым, энергетикэм, связым, адрей инфраструктурэм тедгъэкІуадэр. Апхуэдэ инвестицэхэм я хэкІыпІэу щытынур уней мылькурщ. Ауэ мыбдежи зэран хъуцІыхухэм я ахъшэр яфІэкІуэдынкІэ щыІэ шынагъуэхэр зэрыныращ.

Абы кІыхькІыу мыхьэнэшхуэ иІэщ инвесторхэм я сэбэп зыхэлъхэр зыхъумэ, псом я дежкІи гурыІуэгъуэ хабзэхэр зэтегъэувэным. Абыхэм Іуэхум тратэкІуэда мылькур Іэнатіэм фейдэ къыпыхьыхэм я ахъшэкІэ ирагъэпшынымкІэну кІыхьалъхьэ. Абыхэм ящыщщ бюджетым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэр, инфраструктурэмкІэ монополиехэр, инфраструктурэр къэзыгъэсэбэп адрей Іэнатіэхэр.

Платёжкэр зэпІэзэрыпхъэ ирагъэкІуэкІын папщІэ къэрал шэсыпІэхэмкІэ хэкІыпІэхэр къагъэсэбэпи хъунущ. НэгъуэщІу жьыпІэмэ, инфраструктурэ ипотекэкІэ ґъэдхэн хэкІыпІэ зэтрагъэувэ: инфраструктурэ ухуэныгъэ уней инвесторым кІыхьилъхьа ахъшэр и лъабжьэкІэ, адэкІи а кредитыр зэман пыухыкІахэм тещІыхьауэ ящІынущ. Ауэ мыбдежи ґъэзэжьауэ хъунущ. Махуэ зыбжанэ ялэкІэ ягъэлъытащ куэдкІэ узыщыгуґъ ухун, жьыкъагькІэ курыту щыт ґъэзэгъанэхъэ тетыну МС-21 урысей къухьлъатэщІэр. Сэ заводым и унафэщІэм телефонкІэ сепсэлъащ, а проектыр ґъэзэщІынэм хэта псоми фІыщІэ яхуэсщыну икІи сехьэхъуну сыхуейщ.

Авиацэми, Урысейм и зыужьныгъэм и дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэу щыт уней Іэнатіэхэми фІэкІыпІэ имыІэу дыщыхуейщ ди деж щызэхалъхьа къэхутэныгъэхэмрэ Іуэху зехьэкІэмрэ. Ахэр зэтегъэувэжьынымкІэ щІэрыщІэу ящІынущ хуейщ. Абыхэм ящыщщ производствэм технологиехэр, зэрытырэ материалхэмрэ къыщыззґъэпэщыжьыр, энергетикэмрэ энергиер зэхуэхьэсыныжьмкІэ системэмрэ, Арктикэмрэ абы хиубыдэ щІыпІэхэмрэ къґъэсэбэпныжьмкІэ технологиехэр, узыфФэхэр къыззрахутэ икІи зэрагъэхъуж иджырей Іэмэпсымэхэр, мэкъумэным, ерыскъыпхъэхэм зэрелэжь технологиехэр.

Апхуэдэ технологие Іэмалхэр зэтедгъэувэн папщІэ дэ Іуэхум кьетшэлІапхъэщ уней мылъкушхуэ зыбґъэдэлъхэр - технологием и ІэмалыщІэхэм зегъэужьынымкІэ, бизнесым и зэхэлъкІэр егъэфІэкІуэным зи фейдэ хъунэр. Апхуэдэ лэжьыгъэм ахэр жьыджэру къыхьыхьэн папщІэ абыхэм шэч хэмылъу къахуэзгъэпэщын хуейщ удэзыхьэх, гурыІуэгъуэу щыт Іэмалхэр. Абы папщІэ къагъэсэбэп хъунущ инвестицэ контрактКІэ зэджэ зэкІыпІэ пыухыкІар. ИкІи тэмэму къызэлъытэ апхуэдэ Іэмалыр егъэфІэкІуэным фегупсысынщ.

ИпэжьпІэкІэ жьыпІэмэ, апхуэдэ лэжьакІэр щІадзауэ ди деж къыщагъэсэбэп, ауэ ар иджыри ґъэтэмэмыпхъэщ сэбэпныгъэ нэхъ къызыпыкІ Іэмал хъун папщІэ. Псалъэм папщІэ, инвестицэ контракт хэхахэм я пІалъэр иджырей илъэси 10-м и пІэкІэ илъэс 20-м нагъэс, абыхэм властым и федеральнэ органхэм, щІынальэхэм, езы инвесторым къадэкІуэу зыужьныгъэмкІэ Іуэхущапхъэр, банкхэр, естественнэ монополиехэм я субъектхэр, нэгъуэщІ Іэнатіэхэр хэтыныжьмкІэ Іуэхущапхъэр яубзыху хъунущ.

Псом япэу зи гугъу сщІыр мыхьэнэ хэха зиІэ унэтІныныгъэхэмрэ мыхьэнэ хэха зиІэ Іэнатіэхэмрэщ. Зи гугъу сщІыр къэрал дэпэкьуныгъэ щымыІэмэ, а дэпэкьуныгъэр зэІухауэ ижьыпсту щыщІэдзауэ щымыІэмэ, а дэпэкьуныгъэр зэІухауэ ижьыпсту щымытмэ, инвесторыр зэмыкІуэлІэну Іуэхуэхэрщ, сыту жьыпІэмэ, апхуэдэ проектхэм зэуэ фейдэ къапыкІыркъым, абыхэм я хьэжькІэ ахъшэ щыпсыпІэ къыпхуэзжьынукъым.

Апхуэдэу зегъэубгъун хуейщ продукцэм щІэупщІэ иІэнымкІэ инвестицэ контракт хэхахэм къриубыдэу къэралымрэ къэралым и Іыхьэ зыхэлъ компаниехэмрэ къызэрагъэпэщ щэсыпІэхэм.

Мы Іуэхуми икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Контрактыр щагъэзащІэ зэманым къриубыдэу инвесторым къызэрагъэпэщын хуейщ налогхэмрэ ахъшэр зегъэкІуэным пыщІа адрей ІуэхуэхэмкІэ зэхъуэкІынымкІэр щымыІэмэкІэ щэсыпІэхэр. Налогхэм я гугъу пщІымэ, сэ кьыхьэлэхьэ фейдэуэ къьалэрыхьэм теуэ налогхэмкІэ льготэ зэрырат зэманым 2025 гъэм иужькІи пащэну.

Егъэлеяуэ мыхьэнэшхуэ зиІэ технологиехэу ящыІэм ситуэтэ сызытепсэлъыхьаэр къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ Іэнатіэ щцхьэхуэзэм щызэфІагъэкІкІэр зэрэн хъун хуейкъым экономикэм и Іэнатіэм Іуэхуэкъ щызэпеуэнымкІэ. Правительствэм долъэу, а Іуэху псори зэпкърихыну, зэфІэгъэкІыпхъэу къиІьятэхэр къыхилъхьэну. Бизнесым и лІыкІуэхэм мыгувэу ядедгъэкІуэкІыну зэІущІэхэм ящыщ зым зэпкърихуэ дыщытепсэлъыхьынщ технологие зыужьныгъэм пыщІа къалэнхэр дэгъэкІынымкІэ зэщІыгъуу длэжьынухэм.

АдэкІэ. Иджырей зэманым гупсысэщІэхэмрэ Іэмалыщ Іэхэмрэ куэдрэ къыщагъэсэбэп папщІэ зыхуей бизнесым и Іыхьэ зыхэлъ компаниехэм - стартап жьхуаІэхэм. Зэрыхабзэу, ахэр къызззыгъэпэщыр къэхутакІуэ ныбжьыщІэ гупхэщ. Сэ щэч хьэтесхьэркъым ахэр урысей бизнес иным тэмэму зэрыдэлэжьэфынум, абы къыхэкІыу апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм зедгъэубгъунущ икІи абы папщІэ зыхуей инфраструктурэ зэтедгъэувэнущ.

Ди вуэ пэрытхэм я зэкІэлъкІыр щэдгъэсэбэпурэ инноваци Іуэхуэхэм елэжь щІэныгъэ-технологие центрхэр зэтедгъэувэу щІэддзэну ди мурадщ. Апхуэдэ центрхэм хиубыдэу зы щІыналъэм щыІэнущ егъэджэныгъэри, къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІынымкІэ Іэмалхэри, технологие лъагэхэр къагъэсэбэпу къэралым щыІэ адрей компаниехэм я унафэщІэхэм захуэсогъаз - кьыкьуэкІа Іэмалыщ Іэхэр жьыджэру къэвгъэсэбэп.

Стартапхэмрэ инноваци компание мыинхэмрэ пыухыкІауэ ядэлэжьэн Іэнатіэхэр, апхуэдэу проектхэр зыгъэзащІэхэм ахъшэ яхуэзыгъэпІыщ венчур фондхэр апхуэдэ Іуэхущапхъэм я деж къыщыззґъэпэщыпхъэщ.

Апхуэдэу бизнес инми инноваци компание мыинхэр къащэхужьныжьмкІэ е абыхэм я Іыхьэґъуу хьэхьэныжьмкІэ правовой Іэмал пыухыкІахэр иІэн хуейщ. Абы папщІэ Правительствэмрэ Къэрал Думэмрэ сольэлъу законым хэлъхьэпхъэ зэхуэхьэсыкІэхэр ягъэхьэзыру къащтэну.

Ныбжьэґъу лъапІэхэ!

Дэ дыхэтщ къызэрымыкІуэ, зэгурымыІуэныґъэ куэд щыщыІэ, ауэ гъэщІэґъуэну, мурадыщІэжьмкІэ, къэхутэныґъэщІэхэмкІэ, проектхэмкІэ, псынщІэу екІуэкІ зэхъуэкІыныґъэхэмкІэ гъэнщІа лъэхъэнэм. Зэманым кьигъэувэхэм уеэхьупІэн папщІэ егугъуныґъэ, ерыскъыпхъэ гъэмылъу хъунукъым, сыту жьыпІэмэ, абы кьикІыр кьэкІуэнум ухуэґъэзауэ иращи, а кьэкІуэнур сыт щыґъуи зыубзыхур тегушхуэныґъэ, акъыл, ерыщагъ зыхэлъ икІи сэбэпныгаґъ къэзыхьыф цІыхухэрщ, зи акъылыр, жьыджэрґъыр, сэбэпныґаґър къэралым кьыхэщъхэпэн Іуэхуэхэм яхуэзыныґъэтыфхэрщ.

Апхуэдэ цІыхухэрщ, абыхэм щІалэ дыдэхэри яхэту, нобэ щІэныґъэм ехьэлІэныґъэхэр кьыщцызыхьхэр, иджырей бизнесыр зэтезыґъэувэжэр, граждан, социальнэ жэрдэмхэр дэзыґъкІыр. Абы кьыхэкІыу дэ нэхъри дгъэбэґъуэнущ ди кьуґъуэфІыґъуэ нэхъыщхьэр - цІыху зэрыґъкІыр. Шэч хьэтесхьэркъым урысей экономикэм зэман кІыхьым тещІыхьауэ зэпІэзэрыту зэрызедґъэужьыфынум, Урысейр кьызэрыдґъэщІэрэщІэжьфынум, ди цІыхухэм я псэукІэм фІыкІэ зэрызедґъэхъужьфынум.

Зыужьныґъэм хуэґъэзауэ Іуэхуэхэр кьытпэщытщи, псори кьыддэлэжьэну кьыдоґъэблагъэ. Си фІэщ мэхъу апхуэдэ зэдэлэжьэныґъэр гъэщІэґъэну, лъэныкъуэ псоми я сэбэп хэлъу зэрыщытынур.

Урысейм зэщІыґъуу дыщыззэдэлэжьэн папщІэ фыкььеблагъэ! ФыщІэ фхуэощ гуныґъэ фхэлъу фыкьызззрызэдґъэІуам папщІэ. Ину берычэт бесын.

www.kremlin.ru



460

Мысост ХьэтІохъущыкъуэ (? - 1721)

XVII лІэщІыґъуэм и 70-80 гъэхэм Къэбэрдей и пщышхуэу щыта Къазий Мысост и къуэщ. ХьэтІохъущыкъуэ Кургъуокъуэ лІа нэужь (1710 гъэм) Къэбэрдейм и пщышхуэу хахащ. Абы и тетыґъуэм хиубыдэу Урысейм зэрыґуэтымкІэ зэґурыґуэныґъэ иращІылІащ (1711 гъэм), кърым хъаным мин 15 хъу и дзэр Псыжь деж щызэтракъутащ.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

ІэмалыфІхэр мащІэкъым

Дзэлыкъуэ муниципальнэ щІыналъэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ Щокъуий Аминэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, а районым туризмэм зыщегъэужьыным егъэщІылІа Іуэхуэхэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым Экономикэмкі эмкІэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэтыщІэ лэжьыґъэмкІэ комитетым и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ, республикэм Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Грунтовэ Маринэ, Урыс географие обществэм хэт, тхакІуэ, публицист цІэрыІуэ Котляров Виктор, хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэхэр, нэгъэщІэхэри.

Псалъэ псалъэм Іэпщэ Заур къыщыхигъэбелджылыкІащ: «Дызэрыт зэманым къытхуигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ туризмэм и Іэнатіэм бизнес мащІэмрэ курытымрэ ящІыхэщынмкІэ республикэм ІэмальфІхэр къыщыззґъэпэщынныр».

ЩІыналъэ администрацэм и унафэщІым и яІэ къуэдзэ **Бей Іэуес** мы Іуэхум теухуауэ къэпсэлъащ. Абы къыхигъэщхьэхкІащ Дзэлыкъуэ районым и щІыналъэм хьэрычэтыщІэ Іэнатіэм екьэлІа Іуэхущ Іапі э цІыкІуу 144-рэ зэрыщылажьэр. Абыхэм ящыщу тІу къудейрщ туризмэм екьэлІа унэтІныныґъэхэм зезыпщытыфар. КъулыкъущІэм жиІащ Дзэлыкъуэ районыр щІыпІэ дахащэхэмкІэ, псы хущхуэхэм я къыщІэжьпІэхэмкІэ зэрыбейр. Администрацэм и нэІэ абыхэм ятригъэт щхьэкІэ, къэралыр къадэмыІэпыкъуэмэ, язынныкъуэ къалэнхэм ехьуІэныр щхьэгъэпцІэжщ.

Белецкая Ольгэ кІэщІу къытеувыІащ хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ республикэм щалэжьхэм.

Грунтовэ Маринэ къызэхуэсахэр щыґуэдзэ ищІащ КъБР-м турист-рекреацэ экономикэ щІыналъэ щхьэхуэ къыщыщІэзґъэпэщынымкІэ зэфІагъэкІхэм.

«Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм, Краснодар крайм, Адыгэ Республикэм турист кластер къыщыззґъэпэщынымкІэ и Іэхуэкъ», «Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм экономикэ и Іэнатіэ зыкІэ езым и щхьэ хущытыжьыр щІыпІэхэр къыщыззґъэпэщынымкІэ и Іэхуэкъ» УФ-м и Правительствэм 2010 гъэм жэпуэґъуэм и 14-мрэ 2011 гъэм дыґъэґъащэм и 29-мрэ къыдигъэкІа унафэхэу №833-мрэ №1195-мрэ ящхьэ иткІэ, КъБР-м Экономикэ зыужьныныґъэмкІэ и министерствэм Шэрэдж, Шэрджэм, Іуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ муниципальнэ щІыналъэхэм зэґурыґуэныґъэ щхьэхуэхэр ярищІылІащ, а районхэм экономикэ и Іэныкъуэкіэ езым и щхьэ хущытыж, турист-рекреацэ щІыпІэхэр къыщыззґъэпэщынымкІэ хуэґъэзауэ.

Іуэхум ахъшэ зэрыхухахыну щыкІэрэ Тамбуканэ хьжьбейм хущхьэуэу кьаґъэсэбэп яТІэкъ къызэрыхахьм.

Дзэлыкъуэ районым туризмэм зыщегъэужьынымкІэ хуэґъэзауэ щыІэ Іэмалхэм ящыщу езым нэхъ фІэкъабылхэм я гугъу ищІащ щхьэрычэтыщІэ лэжьакІуэ **Ажахъуэ Хьэсэн**. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, мы зэманым Нарзанхэм я ауэым псы хущхуэхэр щІыщІэжьпІэхэр къыщагъэщІэжщ, щрагъэфІакІуэ. А щІыпІэм и щІэр зезыхъэ турбаазм мыкІыбгъэращІыхьа хьэщІэщ «зыкІэзыхьым» иджы зэуэ щІыху 50-м нэблагъэ щрагъэблэгъэфынущ. ПщІантІэм дэт шэщым шыхэр щаІыгъэщ, шууэ щІыналъэр къэзыпІытыхьыну зи щІасэхэм апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэри щыхуагъэзэщІэфынущ. Ауэым кьеґъэщІылІа щІыналъэр нэхъри ирагъэфІакІуэмэ, къэрал кІуэцІ туризмэм мы щІыпІэм зыщІигъэщІынущ, районымрэ республикэмрэ я пщІэр кьиІэтынущ. Мы Іуэхум лэжьапІэ Іэнатіэщхэр кьыдэхуиту зыкІэґъэнунущ.

Котляров Виктор тригъэчыныхьащ щІыналъэр щІэрыІуэ щІыным хуэґъэзэ рекламэ политикэ дяпэкІи зэрегъэкІуэкІыпхъэм.

ЗэІущІэм зыщытепсэлъыхьа псори къриязщІэубыдэжу, КъБР-м и Парламентым зи гугъу тщІа и комитетымрэ республикэм Экономикэ зыужьныныґъэмкІэ и министерствэмрэ чэнджэщ ираащ Дзэлыкъуэ щІыналъэм хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ щыщылажьэхэм къэралыр нэхъри ядэгъэІэпэкІынымкІэ щыІэ Іэмалхэр къызэдалъхьэну. Къызэхуэсахэм КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм и лІыкІуэхэмрэ Дзэлыкъуэ щІыналъэ администрацэм и унафэщІхэмрэ ягу къагъэкІыжащ Балькъ и псыхуащхьэхэм къыщыІунэку, экономикэ и лъэныкъуэкІэ езыхэм я щ

Хэкум хьэлэлу хуэлэжьа Гугу Рашад 90

АдыгэлI щыпкъэ

***Хэкур зэрыгушхуэ, зэрыпагэ, щытхъу ин зыхуэфащэ цIыху куэд диIэщ адыгэ пэлпкъым. Абыхэм ди щIыналъэм и цIэр фыкIэ щагъэIуащ щIэныгъэм е щэнхабзэм, политикэм е экономикэм, гуащIэдэкI лэжьыгъэ е псэуныгъэм и нэгъуэщI Iэнатlэхэм. Апхуэдэ цIыху щэджащэхэм ящыщщ нобэ дигу къэдгъэкIыж, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м, КъБР-м и щIэныгъэмкIэщIыхьхэ зиIэ я лэжьакIуэ, РАЕН-м, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием я академик Гугу Рашад Хъусен и къуэр. Псэужамэ, мы махуэхэм абы и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут.*

Гугур илъэс 50-м нэскIэ щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым. ЩIэныгъэ лэжьакIуэу къыщIидзэри, ар хъуащ тхыдэ къудамэм и щIэныгъэлI нэхъыжь, и унафэщI. 1988 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэси 10-м нэскIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и тхьэмадэ къалэныр дагъэнэщу ирихьэкIащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу а Iуэхущ1апIэм и щIэныгъэлIхэм къэралпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр зэфIахащ. Рашад къызэригъэпэщауэ щытащ хамэ къэралI щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхуэгъэзэ лэжьыгъэшхуэ куэд. Абыхэм ящыщт щIэныгъэ экспедицэ щхьэхуэ Сирием, Тыркум, Иорданием ягъэкIуауэ зэрыщытар. Институтым и лэжьакIуэхэм сэ и лъэныкъуэкIи я щапхъэт щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, къызэгъэпэщакIуэ хьэлэмэт, унафэщI щыпкъэ, хэкупсэ икIи цIыху пэж Гугу Рашад.

ЩIэныгъэлI пажэм езыми и къалэмыпэм къыпыкIащ къэхутэныгъэ тхыгъэ куэд. Апхуэдэхэщ абы и лэжьыгъэхэу «Къэбэрдей-Балъкъэрым революцэ зэщIэхъеенигъэр зэрыщIекIуэкIар», «Тэрч щIыналъэм Советхэр зэрыщIекIуар», «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 18-нэ лIэщIыгъуэм зэрыта щытыкIэмрэ абыхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэмрэ», нэгъуэщIхэри. Ныкъуэтхыу къэнаУэ щытащ «Къалмыкъ Бетlан» щIэныгъэ-къэхутэныгъэ тхылъыр.

Лъытэныгъэ ин игъуэтащ Гугум и гуащIэдэкIым. Абы къыфIащауе щIэныгъэ цIэ лъагэхэм нэмыщI, къыхуагъэфащащ къэрал дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ, щIыхь, щытхъу тхылъхэр.

Гугу Рашад и фэеплъыр яхъумэ абы и унагъуэм исхэм, и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, зыцIыхуу щыта псоми.

ЖЫЛАСэ Маритэ.

УзыIэпызышэ къару

Куэдрэ псэу цIыхум куэд ельэгъу, нэхъыбэжи игу къонэ. Апхуэдэм къикIу гащIэ гъуэгуанэ кIыхьым ар цIыху Iэджэм щахуэзэ, щIыхугъэ, ныбжьэгъу щахуохъу, абыхэм ящыщуи абы игу кьинэр зырызхэрщ. Апхуэдэу сэри благъэ-Iыхьлыми, ныбжьэгъуми, си цIыхугъэу щытами, цIыху куэд дыдэм гъащIэм сащыхуэзащ, садэлэжьащ, Iуэху ядэсщIащ, гуфIэгъуэхэм, нэщхъеят-гъуэхэм садыхэтащ. Набдзэгубдзаплъэу уакIэлъэпIлъыфмэ, апхуэдэ Iуэхухэм щыхэтырщ цIыхур нэхъыфIу хьащIыпщIыхур, хэт сыт ищIысми къыщIыпщIэр, абы я зэфIэкIыр, хьэл-щэнхэр сэтей нэхъ къыщIхьур. Дунеим зэрехьыжэ куэд мыщIами, нобэр къащIэсым пIалъэ-пIалъэкIэрэ сэр-сэру иджыри согупсысыжри, си ныбжьэгъухэм, цIыхугъэхэм ящыщу сыт и лъэныкъуэкIи лъэпкъым и цIыху пэрыту, абы зэрригъэпэща хьэл-щэн тельыджэхэр нэхъ щызу зыхъэльу, зезыхьэу, адыгэ нэсу щытауэ си щхьэкIэ къэслъытэр зи ахъ-рэтыр нэху хъун Гугу Рашадщ.

А щIалIэ къудан къекIур, щхьэпэльагэр, сытым щыгъуи зи нэгур зэIухар, гуапагъэрэ гурыщIэ кьабзэрэ къызэрыщыр, и теплъэ къудеймкIи фIыуэ умыльагъункIэ, узыIэпызышэ къару гъэпщкIуакIэр абы къызэрыбгъэдэкIым гу лъэныгъэкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ауэ ягъэ узыIущIэ цIыхум и теплъэ дахэм укъыщигъапцIи щыIэщ, апхуэдизкъым адыгэм ауэ сытми «шы дахэ мыжж» яфIищакъым.

Ди ныбжьэгъу Iэфl Рашад и теплъэм екIупс, хуэфэщэжьмэ щытыкIэрэ хьэл-щэн тельыджэрэ бгъэдэлъу дунейм тетащ. Рашад и ныбжьым итахэр, сэри абы сахэту, пхужьIэныкъым лъэхъэнэ тынш щыпсэуауэ, зэман бзаджэт абыхэм я natlэ хъуар. Апхуэдэ зэманым цIыхухэм я нэхъыфI дыдэхэри я пIэ къреш, зэрыщымыт ещI, хуей-хуэмеими фIэмыфI, имыщIапхъэ иригъащIэ, цIыху нэсри абы щигъэлъэпэрапэ, гъэзгу пхэнж щытригъэувэ куэдрэ къоХу. ПыуэкIауэ я щэ къидмыIуэми, ди ныбжьэгъухэм ящыщ зырызхэри а гъащIэ емынэм пэщIэтыфакъым, трагъэкIуафакъым гурыщIэ гъагъ яIахэр. ЛIыгъэ, къару мыкIуэдыжь зэрыбгъэдэлъам и щIихьэту, Рашад гъащIэ мытыншым къыщIопэуа гугуеях мыухыжхэмрэ лъэпощхьэпо кIэ зимыIэжхэмрэ кьахуэгъэшакъым, яхуищIыкIакъым, и пщIэмрэ и щIыхьымрэ зыгъэпудын гуэр абы илжьауэ зыми жиIэфынукъым. Ар сытым щыгъуи зэпIэзэрыпт, хуэму, щабэу фIэкIа псалъэртэкъым, нэ щIыбгаIкIэ нэгъуэщIым хуэшхыдэртэкъым, фыгъуэ-ижэм пэIэщIэт, унафэщIхэм къапижьыыртэкъым, зыхимыщIыкIым тепсэльыхьыртэкъым, нэфI-ней химыптхьэу зэхуэдэу псоми яхущытт, цIыхугъэр, пэжыгъэр и гъуаэзт. Зи щхьэм и пщIэр зыщIэж, къызыхэкIа и лъэпкъым и бын нэхъыфIдыдэхэм языхэзу ар дунейм тетащ.

Сэ Рашад къыщыслъыхьар тIэкIу нэхъ кIасэуэущ, пединститутым щылажьэу щыщIидзауэ, сэри 1952 гъэм аспирантурэм сыщIэтIысхьауэ. А илъэсхэм къыщегъэжьауэ Iэнатlэ, къулыкъу зыбжанэ пщIэрэ щIыхьрэ пылъу абы ирихьэкIащ, къызэрыгуэкI егъэджакIуэм къыщригъэжьэри, республикэм и къэхутакIуэ институт цIэрыцIуэм и унафэщI хъуащ, мызэ-мытIэу депутатуи хахащ, щIэныгъэм и нэхъ цIэ лъапIэхэр зыIэригъэхьащ, ауэ абы и щIытыкIэм, и псэукIэм, и хьэл-щэнхэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтакъым, языныкъуэхэм хуэдэу, кьулыкъу лъагэхэм абы и щхьэр ягъэуэнэзауэ, зэрыщымыт ящIауэ си щхьэкIэ гу лъыстакъым.

ЗанщIэу жыпIэмэ, къыддалъхуаХэм ящыщ куэд зыгъэжакъуэ IэнатIэ лъагэм абы къэрыгъэхьащ ишхуэ щыIэкъым, кьыхуагъэфэща дэтхэнэ къулыкъури игъэлъапIа мыхъумэ, зытес щэнтым ирипагэу ар зэи щытакъым. Си щхьэм бадзэ тезыхухьифым нобэ и кьаIэну кьеIыпытэж совет лъэхъэнэ щыIам хуэщIыдзаныр. Зыми жиIэркъым ар ныкъуасаны-гъэншэу екIуэкIауэ, ауэ, пцIы хэмыльу жыпIэмэ, бзыщыни гъэкIуэдыни хуейкъым Урысей къэралышхуэм и лъэпкъ псоми я псэукIэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм, литературэм я зыужьныныгъэм абы хэлъхьаныгъэ тельыджэ зэрыхуищIар, лIэщIыгъуэкIэрэ ахэр зыхэта кIыфIыгъэ хьэлъэр абы зэригъэкIуэдар. А гъащIэщIэ къэунэхуам и фIыщIэщ ди щIыналъэм и щIыпIэ пхыдза дыдэхэм ящыщ зым - Джэдыкъуэ - къыщалъхуа щIалэ цIыкIум щIэныгъэм лъагъуныгъэ зэрыхуищIари, и зэхэщIыкI-гупсысэр зэрызэтеувари.

Хэкум и бынхэу а гъуэгуанэр зэпызынар куэд мэхъу, ахэр кьыщIеджакIыни щыIэкъым, ауэ ди ныбжьэгъу Рашад хуэдэу абыхэмри яхуэзфIэкIар, зыхэта гъащIэ мытыншыр къызэранэкIыфу ехьулIэныгъэ хьэлэмэтхэр зэрызэIрагъэхьар умыгъэщIэгъуэн пльэкIыркъым.

Зауэ зэманхэм еджапIэхэр щытыкIэ гугъум итт: езыгъэджэни зэреджэни дахэ-дахэу ягъуэтыртэкъым. Джэдыкъуэ дэта, япэ илъэсхэм Рашад щеджа, иужькIи ар зи унафэщI хьужа я еджапIэ цIыкIури апхуэдэ гугъуехьхэм хэтащ. Абы къыхэкIкIи апхуэдэ еджапIэхэм щIэсхэм абыхэм щIэныгъэ гуэр къыщIахамэ, зи фIыщIэр, псом япэу, езы еджакIуэхэрщ, абыхэм я ерыщагъырщ. Апхуэдэ ерыщагъ и щIалэгъуэм зыхэзыпльхьэфа ныбжьыщIэр еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьа нэужь псэку, ещ имыщIэу йоджэ, Iэщ1агъэ къыхихам хуэпэжщ.

Алыхьым къыбгъэдилъха зэфIэкIхэм нэмыщI, нэгъуэщI гуГапIи дэIэпыкъуэгъуи зимыIа Рашад и щыбгъым зэи зыри къыдэтэкъым, зыгуэрми зыкъыщIигъэкъуакъым. И щхьэ закъуэрщ ар щеджа зэманхэми, и кандидат, доктор диссертацэхэр щыпхырыкIми зыщыгугъыр. Ар фIыуэ емыджамэ, пединститутым егъэджакIуэу къагъэнэнтэкъым, гугъуехьищэхэр пыщIами, и зэманым пщIэрэ щытхъурэ иIэу и диссертацэхэри пхигъэкIыфынтэкъым.

Дэтхэнэ зи цIыхури зыхуэдэр къэхутэгъуафIэкъым. Рашад нэсу къэзпщIыкIыну гугъу пщыкIыну ар псэльэрепIу, игу иль, зыгъэпIейтейхэр уэрэзэгъу кьыхуэзыу дэтхэнэ зыми кьыхуэзыIуихыу, яхуиIуатэу зэрыщымытарщ. Пединститутым лэжьэн щыщIидза лъэхъэнэхэм нэIуасэ дыдзэхуэхуа, куэдрэ дыдзэкуэзэу щыта щхьэкIэ, сэ ар псынщIэу къэсщIыхуауэ сохуwIэнукъым. Ар зыхуэдэ цIыхур сэ нэхъ кууэ кьыщIэгурыIуар зэгъунэгъуу дыпсэу дыщыхъуарщ, пединститутым и студент общежитым и епIуанэ кьатым дыщыпсэ ильэсэхащ. Кьэралыр зыхэт кьулейсызыгъэм и зэранкIэ зауэ нэужь ильэсхэм фэтэрыр икъукIэ зэпэубыдат. НэгъуэщI хэкIыпIэ зымыгъуэт еджапIэм и унафэщIхэм общежитым и зы кьатыр егъэджакIуэхэм иратат.

Рашад и унагъуэр (адрейхэми хуэдэу) абы тыншу зэрыщымыпсэуар кьрибгъэльэгъуэну мыхэр ирикъунщ. Ар зыщIэса пэш цIыкIуитIым пщэфIапIэ хэтакъым, псы кьакIуэртэкъым, зытхъэщIыпIэ иIэтэкъым.

Пединститутым сыщылажьэу щIэздза, унагъуи ззэгъэпэща нэужь, сэри зы пэш цIыкIу, пстыбгъукIэ тIууэ зэпрыухкIауэ, къызатащ, Рашад зыщIэс пэшитIым ди бжэхэр яхуэгъэзауэ. ЩIхьэгъуэ сэхуэхуэ Щорджэнцыкlу Налжан Рашад и благъэ дыдэу абы нэгъэсауэ куууэ зэрищIэр, ар къэкIуу, пэжу къыззэриIуэтэн, зэрызэфIигъэувэжьын зэфIэкI зэрыбгъэдэлъыр, зытетхыхьэм я псэм и хуабагъ зэрыхэплъагъэр щIэныгъэлI щэджащэм нэхъ щызу, куууэ къыщIэлъэгъуащ и иужьрей тхылъ хьэлэмэтыщэ «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 18-нэ лIэщIыгъуэм зэрыта щытыкIэмрэ абыхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэмрэ» жьхуиIэм, 1999 гъэм дунейм къытехьам. Адыгэ тхыдэм теухуауэ а щIэныгъэлI цIэрыIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэм яхуэфащэ пщIэр дэ тхузэхэгъэкIыну къыщIэкIынкъым, ар ди Iэщ1агъэу зэрыщымытым къыхэкIкIэ, ауэ зи лъэпкъым и къэкIуэкIа1ам набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ сэ жыслIэфынур мыраз: Гугу Рашад лъэпкъ тхыдэтхэхэм я нэхъыфI дыдэхэм зэрызащIыр, абы и цIэ лъапIэр адыгэ тхыдэм къызэрыхэзнурщ.

Мыльку зыIэпиз псапэ умыщIэфмэ, щIэныгъэ убгъэдэлъэрэ нэгъуэщIхэм ар иумытыфмэ, абы мыхьэнэ иIэкъым, къикIи щыIэкъым. Рашад емышу ищIэ псомкIи цIыхухэм ядэгуашэрт. Аращ иригъэджахэм зыхалъхьэ щымыIэу ар фIыуэ щIалэгъуар, абыхэм ящыщ куэдыр и лъагъуэм щIрикIуар.

ЦIыху гъащIэр мащIэщ, къалъхуауэ мылIэжьыни щыIэкъым, ауэ, зэрылIэнур куэдым щащыгъупщэ щыIэщ. И насыпщ Рашад хуэдэу дунейм къабзэу тетыфам, къыдалъхуахэм къулыкъу нэс яхуэзыщIэфым. Апхуэдэ цIыху псэемыблэжхэрщ къызыхэкIа лъэпкъым и щIыхьыр хэзыIэтыр, абы зэригъэпэща и хьэл-щэн нэхъыфIхэр зыщалъагъур, щIеблэм щапхъэ ящIыр. Зи фэеплъыр махуэ хьун Гугу Рашад псоми я хъуэпсапIэ апхуэдэ насып къехъулIащ, апхуэдэ пщIэр и кьарурэ зэфIэкIкIэ абы къилэжьыжащ.

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,
бзэщIэныгъэхэм я доктор.

Псэм щыщ Iыхьэ

Гугу Рашад сэ щысцIыхуар КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм сыщыщылэжьа лъэхъэнэрщ, лIэщIыгъуэ бгъэдэлъ и 90 гъэхэрщ. Сэ абы щыгъуэ а къэрал Iэнатlэм ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и комитетым сриунафэщIт, Рашад депутатти, а комитетым хэтт. Хэкум и щIыналъэ псоми щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр ди республикэми къэсари, зэманыр хьэлъэт, гугъут, хэплъэгъуэт. Илъэс пщIы бжыгъэкIэ къэралым и лъабжьэу щыта коммунист псэукIэ мардэхэр зэтедщахэрт, демократием зиубгъурт.

КЪЭРАЛЫМ и къэкIуэнум игъэпIейтей дэтхэнэрэ гупсысэшхуэхэм хадзат, хэкIыпIэхэр къалъхьэуэу: коммунист партыр тхъумэну хьэмэрэ революцэщIэ къэхъуну? ЩIэныгъэ, тхыдэдж Гугу Рашади и гупсысэ нэхъыщхьэхэр теухуат къэкIуэнум, арщхьэкIэ ар ящыщтэкъым жыр зыхъумэну хуейкэми зауэ-банэм хущIэкъуэхэми: а тIум я курыхьр, пэжыр зрадзыIэ хабзэр, къиIпхъыхэрт. Егъэлеиныгъэхэр зи хьэлым щымыщ Рашад, хуэдэкIыпт гуп зэпэщIэувэжэу зэпыIуигъэкIуэтыжьын. ЦIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм ехьэлIауэ ар гу щабэт, арщхьэкIэ Iуэхур пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ епхамэ, Гугум къыкъуэкIыпт хуэфэщэн ткIиягъри быдагъри. КъызыхэкIа лъэпкъым папщIэ абы имыщIэн щыIэтэкъым.

Къуэш нэхъыжь пэлытэу куэдым диIа Рашад ящыщщ адыгэ лъэпкъыр зыгъэлъапIэу, зыIэту щыта щIэныгъэлI щыпкъэхэм. Абы иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр ди къэхутэныгъэхэр адэкIэ зыгъэкIуатэ лъэужь Iупщ1у тхыдэм къыхэнащ. Ар къызыхэкIари езыр щIэныгъэлI нэсу, и Iэщ1агъэм фIы дыдэу хищIыкIыу, и лэжьэгъуэм пэжу, цIыхугъэшхуэ хэлъу къаззрыдэгъуэгурыкIуагъ. Зыкъомэтыращхьэ кIэ зимыIэжхэмрэ кьахуэгъэшакъым, яхуищIыкIакъым, и пщIэмрэ и щIыхьымрэ зыгъэпудын гуэр абы илжьауэ зыми жиIэфынукъым. Ар сытым щыгъуи зэпIэзэрыпт, хуэму, щабэу фIэкIа псалъэртэкъым, нэ щIыбгаIкIэ нэгъуэщIым хуэшхыдэртэкъым, фыгъуэ-ижэм пэIэщIэт, унафэщIхэм къапижьыыртэкъым, зыхимыщIыкIым тепсэльыхьыртэкъым, нэфI-ней химыптхьэу зэхуэдэу псоми яхущытт, цIыхугъэр, пэжыгъэр и гъуаэзт. Зи щхьэм и пщIэр зыщIэж, къызыхэкIа и лъэпкъым и бын нэхъыфIдыдэхэм языхэзу ар дунейм тетащ.

Сэ Рашад къыщыслъыхьар тIэкIу нэхъ кIасэуэущ, пединститутым щылажьэу щыщIидзауэ, сэри 1952 гъэм аспирантурэм сыщIэтIысхьауэ. А илъэсхэм къыщегъэжьауэ Iэнатlэ, къулыкъу зыбжанэ пщIэрэ щIыхьрэ пылъу абы ирихьэкIащ, къызэрыгуэкI егъэджакIуэм къыщригъэжьэри, республикэм и къэхутакIуэ институт цIэрыцIуэм и унафэщI хъуащ, мызэ-мытIэу депутатуи хахащ, щIэныгъэм и нэхъ цIэ лъапIэхэр зыIэригъэхьащ, ауэ абы и щIытыкIэм, и псэукIэм, и хьэл-щэнхэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтакъым, языныкъуэхэм хуэдэу, кьулыкъу лъагэхэм абы и щхьэр ягъэуэнэзауэ, зэрыщымыт ящIауэ си щхьэкIэ гу лъыстакъым.

ЗанщIэу жыпIэмэ, къыддалъхуаХэм ящыщ куэд зыгъэжакъуэ IэнатIэ лъагэм абы къэрыгъэхьащ ишхуэ щыIэкъым, кьыхуагъэфэща дэтхэнэ къулыкъури игъэлъапIа мыхъумэ, зытес щэнтым ирипагэу ар зэи щытакъым. Си щхьэм бадзэ тезыхухьифым нобэ и кьаIэну кьеIыпытэж совет лъэхъэнэ щыIам хуэщIыдзаныр. Зыми жиIэркъым ар ныкъуасаны-гъэншэу екIуэкIауэ, ауэ, пцIы хэмыльу жыпIэмэ, бзыщыни гъэкIуэдыни хуейкъым Урысей къэралышхуэм и лъэпкъ псоми я псэукIэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм, литературэм я зыужьныныгъэм абы хэлъхьаныгъэ тельыджэ зэрыхуищIар, лIэщIыгъуэкIэрэ ахэр зыхэта кIыфIыгъэ хьэлъэр абы зэригъэкIуэдар. А гъащIэщIэ къэунэхуам и фIыщIэщ ди щIыналъэм и щIыпIэ пхыдза дыдэхэм ящыщ зым - Джэдыкъуэ - къыщалъхуа щIалэ цIыкIум щIэныгъэм лъагъуныгъэ зэрыхуищIари, и зэхэщIыкI-гупсысэр зэрызэтеувари.

Хэкум и бынхэу а гъуэгуанэр зэпызынар куэд мэхъу, ахэр кьыщIеджакIыни щыIэкъым, ауэ ди ныбжьэгъу Рашад хуэдэу абы ирихьэкIащ, зыхэта гъащIэ мытыншыр къызэранэкIыфу ехьулIэныгъэ хьэлэмэтхэр зэрызэIрагъэхьар умыгъэщIэгъуэн пльэкIыркъым.

Зауэ зэманхэм еджапIэхэр щытыкIэ гугъум итт: езыгъэджэни зэреджэни дахэ-дахэу ягъуэтыртэкъым. Джэдыкъуэ дэта, япэ илъэсхэм Рашад щеджа, иужькIи ар зи унафэщI хьужа я еджапIэ цIыкIури апхуэдэ гугъуехьхэм хэтащ. Абы къыхэкIкIи апхуэдэ еджапIэхэм щIэсхэм абыхэм щIэныгъэ гуэр къыщIахамэ, зи фIыщIэр, псом япэу, езы еджакIуэхэрщ, абыхэм я ерыщагъырщ. Апхуэдэ ерыщагъ и щIалэгъуэм зыхэзыпльхьэфа ныбжьыщIэр еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьа нэужь псэку, еш имыщIэу йоджэ, Iэщ1агъэ къыхихам хуэпэжщ.

Алыхьым къыбгъэдилъха зэфIэкIхэм нэмыщI, нэгъуэщI гуГапIи дэIэпыкъуэгъуи зимыIа Рашад и щыбгъым зэи зыри къыдэтэкъым, зыгуэрми зыкъыщIигъэкъуакъым. И щхьэ закъуэрщ ар щеджа зэманхэми, и кандидат, доктор диссертацэхэр щыпхырыкIми зыщыгугъыр. Ар фIыуэ емыджамэ, пединститутым егъэджакIуэу къагъэнэнтэкъым, гугъуехьищэхэр пыщIами, и зэманым пщIэрэ щытхъурэ иIэу и диссертацэхэри пхигъэкIыфынтэкъым.

Дэтхэнэ зи цIыхури зыхуэдэр къэхутэгъуафIэкъым. Рашад нэсу къэзпщIыкIыну гугъу пщыкIыну ар псэльэрепIу, игу иль, зыгъэпIейтейхэр уэрэзэгъу кьыхуэзыу дэтхэнэ зыми кьыхуэзыIуихыу, яхуиIуатэу зэрыщымытарщ. Пединститутым лэжьэн щыщIидза лъэхъэнэхэм нэIуасэ дыдзэхуэхуа, куэдрэ дыдзэкуэзэу щыта щхьэкIэ, сэ ар псынщIэу къэсщIыхуауэ сохуwIэнукъым. Ар зыхуэдэ цIыхур сэ нэхъ кууэ кьыщIэгурыIуар зэгъунэгъуу дыпсэу дыщыхъуарщ, пединститутым и студент общежитым и епIуанэ кьатым дыщыпсэ ильэсэхащ. Кьэралыр зыхэт кьулейсызыгъэм и зэранкIэ зауэ нэужь ильэсхэм фэтэрыр икъукIэ зэпэубыдат. НэгъуэщI хэкIыпIэ зымыгъуэт еджапIэм и унафэщIхэм общежитым и зы кьатыр егъэджакIуэхэм иратат.

Рашад и унагъуэр (адрейхэми хуэдэу) абы тыншу зэрыщымыпсэуар кьрибгъэльэгъуэну мыхэр ирикъунщ. Ар зыщIэса пэш цIыкIуитIым пщэфIапIэ хэтакъым, псы кьакIуэртэкъым, зытхъэщIыпIэ иIэтэкъым.

Пединститутым сыщылажьэу щIэздза, унагъуи ззэгъэпэща нэужь, сэри зы пэш цIыкIу, пстыбгъукIэ тIууэ зэпрыухкIауэ, къызатащ, Рашад зыщIэс пэшитIым ди бжэхэр яхуэгъэзауэ. ЩIхьэгъуэ сэхуэхуэ Щорджэнцыкlу Налжан Рашад и благъэ дыдэу абы нэгъэсауэ куууэ зэрищIэр, ар къэкIуу, пэжу къыззэриIуэтэн, зэрызэфIигъэувэжьын зэфIэкI зэрыбгъэдэлъыр, зытетхыхьэм я псэм и хуабагъ зэрыхэплъагъэр щIэныгъэлI щэджащэм нэхъ щызу, куууэ къыщIэлъэгъуащ и иужьрей тхылъ хьэлэмэтыщэ «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 18-нэ лIэщIыгъуэм зэрыта щытыкIэмрэ абыхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэмрэ» жьхуиIэм, 1999 гъэм дунейм къытехьам. Адыгэ тхыдэм теухуауэ а щIэныгъэлI цIэрыIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэм яхуэфащэ пщIэр дэ тхузэхэгъэкIыну къыщIэкIынкъым, ар ди Iэщ1агъэу зэрыщымытым къыхэкIкIэ, ауэ зи лъэпкъым и къэкIуэкIа1ам набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ сэ жыслIэфынур мыраз: Гугу Рашад лъэпкъ тхыдэтхэхэм я нэхъыфI дыдэхэм зэрызащIыр, абы и цIэ лъапIэр адыгэ тхыдэм къызэрыхэзнурщ.

Мыльку зыIэпиз псапэ умыщIэфмэ, щIэныгъэ убгъэдэлъэрэ нэгъуэщIхэм ар иумытыфмэ, абы мыхьэнэ иIэкъым, къикIи щыIэкъым. Рашад емышу ищIэ псомкIи цIыхухэм ядэгуашэрт. Аращ иригъэджахэм зыхалъхьэ щымыIэу ар фIыуэ щIалэгъуар, абыхэм ящыщ куэдыр и лъагъуэм щIрикIуар.

ЦIыху гъащIэр мащIэщ, къалъхуауэ мылIэжьыни щыIэкъым, ауэ, зэрылIэнур куэдым щащыгъупщэ щыIэщ. И насыпщ Рашад хуэдэу дунейм къабзэу тетыфам, къыдалъхуахэм къулыкъу нэс яхуэзыщIэфым. Апхуэдэ цIыху псэемыблэжхэрщ къызыхэкIа лъэпкъым и щIыхьыр зэзыIэтыр, абы зэригъэпэща и хьэл-щэн нэхъыфIхэр зыщалъагъур, щIеблэм щапхъэ ящIыр. Зи фэеплъыр махуэ хьун Гугу Рашад псоми я хъуэпсапIэ апхуэдэ насып къехъулIащ, апхуэдэ пщIэр и кьарурэ зэфIэкIкIэ абы къилэжьыжащ.

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,
бзэщIэныгъэхэм я доктор.

Курых хэкIыпIэ

Илъэс зыбжанэ мэхъури дэ къытхэтыжьыкъым Гугу Рашад, арщхьэкIэ ар дэ тщIыгъущ и гупсысэхэмкIэ, и Iэдакъэщ1экI купщIафIэхэмкIэ. ЩIэныгъэлIым и къалэмыпэм къыпыкIа иужьрей лэжьыгъэхэм ящыщщ «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 18-нэ лIэщIыгъуэм зэрыта щытыкIэмрэ абыхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэмрэ». А къэхутэныгъэ купщIафIэм Гугум къыщигъэльэгъащ Черкесиекъэ зэдзэну щыта хэкур щыпсэу цIыху бжыгъэкIи бгъэдэлъ лъэщагъкIи нэхъ пажэхэм зэращыщар.

КАВКАЗ зауэр къызэрыхъеямкIэ къуаншагъэ ин Урысей пащтыхьхэм зэрабгъэдэлъыр къигъэльэгъуами, щIэныгъэлIыр и тепльхьэт урыс, адыгэ лъэпкъхэм яку зэгурыIуэныгъэрэ зэныбжьэгъугъэрэ дэпльым. Апхуэдэу абы и лжьыгъэм Iупщ1у къыхуод адыгэхэр балъкъэрхэми къззакъхэми тэмэму яхущыту къызэрекIуэкIар, а зэпыщIэныгъэхэр дяпэкIи гъэбыдэн зэрыхуейр.

Рашад езыр хуабжьу цIыху зэпIэззэрытт, псэ къабзэт, акъылыпIэт, жьыкIэ пльэфырт. Абы хэлъ шыIэныгъэр умыгъэщIэгъуэн пльэкIыртэкъым. А псори и щIыхьэтт абы гъэсэныгъэ лъагэ, зэхэщIыкI куу зэрыбгъэдэлъым. УщепсалъэкIэ, ар апхуэдизкъ къыпхуэнабдзэгубдзаплъэти, къыщIыхьэрт а уэ зи гугъу пщIы Iуэхум нэхърэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ абы и дежкIэ иджыпсту щымыIэу. Сэ, къапщтэмэ, тышу сыдэлжьащ Гугум. Ди Iуэху епIлыкIэхэм ящыщ куэд зэтемыхуэми, дэ къэдгъуэтыфырт курых хэкIыпIэ, тIури арэзы дыкъыщIу. НыбжькIэ сызэрынэхъыщIэм кьыхэкIыу, дэ зэныбжьэгъушхуэу дыщытауэ схужьIэнукъым, атIэми дызытепсэлъыхьыну ди куэдри, мо цIыху акъылыдIэм, гупсысэ куу зыбгъэдэлъым, и псалъэхэм сащIэдзIурт, фIы куэди къыхэсхурт.

Зи гум хуэдэу зи псэри зи нэгури зэIуха адыгэлIыр и хьэлIэкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу щылэжьа зэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу щылэжьа зэманми.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Гугу Рашад хэкупсэ нэсу, лъэпкъ хабзэр, бзэр фIыуэ илъагъуу зэрыщымытым. Дэтхэнэ зи гум и дежкIи анэдэлъхубзэр хъугъэфIыгъуэ ину зэрыщытыр нэсу къызыгурыIуэ цIыхут ар. Абы къыдэкIуэу, езым Iурылъ бзэр хуабжьу къулейт, екIут. Адыгэбзэр зыгъэбзэрэбзэф Рашад и къэпсэльэныгъэхэм куэдрэ къыщигъэсэбэпырт купщIэшхуэ зыщIэлъ, зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпхаэр, псалъэжьэр, жьIогъуэгъэр, зэгъэпщэныгъэхэр, бзэр зыгъэдахэ, шэрыуэ зыщI нэгъуэщI Iэмалхэр. Ар сщIэрти, сэ щIэхщIэхыурэ абы зыхуэзгъаззрт, зы жьIогъэуэ е псалъэжь гуэрхэм я мыхьэнэр нэхъыфIу ззгъэщIэн папщIэ, ди анэдэлъхубзэм и щэхуэм нэхъыфIу щыгъуаз щIэныгъэлI щэджащэхэу ГукIэ-мыхъу Iэбубобжьи, Iьвардэн-гъуущ Зыраемыку, Нало Заур, Багъ Пётр, Гъут Iэдэм сымэ яхуэзгъадэу.

Гугур дапщэщи хущIэкъурт ди лъэпкъым зэрихьэ хабзэ дахэр, нэмыс екIур, пщIэ лъагэр Iурылъ и анэдэлъхубзэмкIэ нэхъри езыгъэфIакIуэ цIыхухэм. Абы и бзэм кьыхэщIыт бгъэдэлъ лъэпкъ гъэсэныгъэ дахэм и нэщэнэхэр, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм бжьагъэуэгурыкIуэ лъэпкъ хьэл-щэныр. Абы кьыхэкIыу щIэныгъэлI пажэм и деж куэд кьакIуэрт адыгэбзэм и щэхуэм щыгъуазэ защIыну, абы и зыужьныныгъэм ехьэлIауэ Рашад иIэ Iуэху епIлыкIэм мыхьэнэшхуэ ирату.

БГЪУЭЖьНОКЪУЭ Барэсбий,
философие щIэныгъэхэм я доктор.

ЗэIущIэ гъэщIэгъуэн, Тресков Илья, Гугу Рашад, Кулиев Къайсын, Козловский Яков, Бэрбэч Хьэтlутlэ, Геттуев Максим сымэ хэту. *1963 гъэ*

Лъэпкъым и лIы щIэрыIуэхэр: **Къардэнгъущ1 Зырамыку, Гугу Рашад, Щоджэнцыкlу Iэдэм, Шортэн Аскэрбий**. *1988 гъэ*

ЩIэныгъэхэм я докторхэу *(ижьымкIэ къыщыщIэдзауэ)* **Думэн Хьэсэн, Гугу Рашад, Иуан Пётр, Улаков Махъты сымэ**. *2006 гъэ*

КъэхутэныгъэкупщIафIэхэр зи IэрыкI

**Илъэс 460-рэ зи ныбжь зэгухьэныгъэу мы гъэм ди республикэм щыдгъэлъапIэр куэдым ирапх урыс пащтыхь Иван IV адыгэхэм мальхъэ щаухуэнэу илъэсым, арщхьэкIэ зыкъомым ящIэрэкъым а нэчыхьыр щатхар зэгухьэныгъэр зэрызэращIылIэрэ илъэси 4 дэкIа нэужьу зэрыщытыр. Къапщтэмэ, езы зэгухьэны

Кулиев Къайсын и щIыхькIэ

● Фэеплъ

КъБР-м и цIыхубз усакIуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал, Лениным и цIэр зезыхьэу щыта саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсын дунейм щехыжа махуэм, мэкъуаугъэм и 4-м, гъэ къэси хуэдэу, абы и цIэр зезыхьэ уэрамым тет и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** пэкIур къыщызэуихым жиIащ усакIуэшхуэр дунейм щехыжа махуэм и благъэхэр, и Іыхьлыхэр, и ныбжьыгъуэр, лъэпкъ интеллигенцэр, курыт еджапIэхэм щIэсхэр, и усэхэр фIыуэ зыльагъуэхэр зэрызэхуишэсар.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** къыщыпсалъэм щIалэгъуалэр къыхуриджащ, Кулиевым и щапхъэм тету, я Хэкур, абы щыпсэу лъэпкъхэр фIыуэ ялъагъуу псэуну.

- Нобэ илъэс 32-рэ мэхъу Кулиев Къайсын дунейм зэрехыжрэ. УсакIуэр зэрытхэкIыжар куэдым гущIыхьэ ящыхьуауэ зэрыщытар зэи сигу ихужрыкъым. Хэкум и къуэ пэжу псэуа, абы и щхьэхуитыныгъэр хуэзэхьахэм ящыщ усакIуэ цIэрыIуэм и тхыгъэхэм ноби щIэупщIэ яIэщ, ахэр цIыхухэм зэIэпах. Урысейпсо, дунейпсо литературэхэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа усакIуэшхуэр зэи тщыгъупщэнукъым, - жиIащ тхыдэдж, тхакIуэ **Опрышкэ Олег**.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Балъкъыз Батий** зэхуэсахэм ядэгуэшащ Кулиев Къайсын теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ. Абы жиIащ цIыхухэр фIыуэ лъагъуным, дыхуэзыущийуэ щыта усакIуэм хэлъа гуапагъэмрэ хьэл-щэн дахэхэмкIэ поори кыдихьхьыу зэрыщытар.

- Дон Іус Ростов и федеральнэ университетым и пщIантIэм мы махуэхэм къыщызэIуахащ Кулиев Къайсынрэ КIыщокъуэ Алимрэ я фэеплъ пхъэбгъу. Алимрэ Къайсынрэ яку зэныбжьыгъугъэ быдэ дэлъащи, Кулиевым и гугъу щытщIкIэ, КIыщокъуэри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, - жиIащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **Беппаев МутIэлиб**.

Философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Эфендиев Сэлихь** жиIащ усакIуэ цIэрыIуэм и щIыхькIэ дунейпсо щIэныгъэ конференцэр къыздрызэрригъэпэщыр, докладхэр зэригъэхьэзырыр.

КъБР-м и школхэм щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Чочаевэ Нажабат** Къайсын хуитха усэм къеджа нэужь, Шэджэм Ищхьэрэ, Безенги къуажэхэм я курыт еджапIэхэм щIэс цIыкIуэр Кулиевым и Іэдакъэ къыщIэкIа усэхэм къеджащ.

Шэджэм районым и щIыпIэ самоуправленэм и Іэтащхьэ **Уэдыжь Хьэсанш** жиIащ Кулиев Къайсын ныбжьыгъуэр, цIыхухэр ильытэу зэрыпсэуар. Апхуэдэуи къыхигъэщащ Кулиевым и ІэдакъэщIэкIэр щIэблэм ящIэмэ, усакIуэм мылIэжьныпсэ Іуту къаззрыдзгъуэгурыкIуэнур.

Зы дакъикъэкIэ Кулиевым хуэщIыгъуа нэужь, и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Зэхьихьэм хэтахэр Кулиев Къайсын и иужьрей махуэхэр щигъэкIуа, и цIэр зезыхьэ унэ-музей Шэджэм къаIэм дэтым кIуащ. Къэбардей-Балъкъэрым и цIыхубз усакIуэм къыщIэна щытынхэр, тхылъхэр, дэфтэрхэр, сурэтхэр щахьумэ музейм абыхэм зыщалплъыхьащ, усакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ тепсэлъыхьащ, и усэхэм къеджащ. Абы щагъэлъэпIащ Тхылъыр фIыуэ зыльагъуэхэм я зэгухьэныгъэм Кулиев Къайсын къыщIэралъхьурэ илъэсиI 100 щрикъум и щIыхькIэ къызригъэпэща зэпеуэм пашэ щыхьуа ныбжьыщIэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

● Махуэшхуэ зэхуэсхэр

«Сабиигъуэм и дуней телъыджэ»

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ Іуэхугъуэ дахэ мэкъуауэгъуэм и 1-м щекIуэкIащ Налшык дэт Къэрал киногъэлъэгъуэнIэм. КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Іэнатlэкlэ кыззгъэпэщыныбжь социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм, абы къалащхьэм щиIэ Іэнатlэм, Налшык къалэ администрацэм къыззрагъэпэща а Іуэхугъуэ дахэр хуэгъэпсауэ щытащ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм.

ГУФIЭГЪУЭ зэхуэсым ирагъэблэгъащ гъащIэм щытыкIэ гугъуэм иригъэуба бынунагъуэзэм, сабий куэд щапIхэм ящыщщ цIыкIу 500-м щIигъу. Абыхэм папщIэ къыззрагъэпэща концертышхуэм хэтащ КъБР-м и артист цIэрыIуэхэр, республикэм и къалэхэм, къуажэхэм къикIа ныбжьыщIэ творческэ гупхэр. Абыхэм ягъэзэщIащ сабиигъуэ насыпифIэм, унагъуэм, мамырыгъэм ятеухуа уэрэдхэр, кьафэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Абы къыкIэлъыкIуэу киногъэлъэгъуэлIэм и щIыхьэпIэм деж щекIуэкIащ сабийхэм асфальтым тращIыхь сурэт цIыкIухэм я удэзыхьэхт. Абы щыплъагъурт сабий Іэпщlэлъапщlэхэм я Іэдакъэм къыщIэкIа хьэпшыпт зэмылIэужьыгъуэхэр, сурэтхэр, пхъэм, цым кьахэщIыкIа нэгъуэщI Іэрыщlэхэри.

Махуэшхуэм и кIэухыу абы мыфэгъуэхэр, «Ура-а-а!»-р зы жьэу зэдыжьIэу.

Сабийхэм я гур фIы зыщIахэм, абыхэм я псэм дэрэжэгъуэ езыгъэуа гъуэтахэм фIыщIэ хуащIащ адэанэхэм.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*

Льэхъэнэхэм я нэхъ Іэфl

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр Іэтауэ щагъэлъэпIащ ди республикэм и щIыпIэ куэдым. Махуэшхуэм епха гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр щекIуэкIащ КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Іэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту лажьэ «Нэмыс» республикэ центрым.

МАХУЭШХУЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Іэтащхьэм Сабийхэм я хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Іуэгъуэ Светланэ, Іуэху дахэр къызэзыгъэпэща министерствэм и лыкIуэхэр, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр. Ахэри сабийхэри хэтащ абы къыщызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм, центрым и гъэсэнхэм папщIэ зэхаша концертыщхьэм.

ГуфIэгъуэр махуэ псокIэ екIуэкIащ. Пщыхьэщхьэм сабийхэм къыхуащтащ гуфIэгъуэ Іэнэ, Іэфlыкlэрэ пхъэщхьэмыщхьэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэнщIауэ. КъыкIэлъыкIуэу яублащ махуэшхуэ джэгу.

Апхуэдэ зэхуэс гуапэ щекIуэкIащ «Лэгъупыкъу» сабий центрми. Абы щыIэ ныбжьыщIэхэм хьэщIэу яхуэкIуат Налшык и Гуащэ театрыр. ЦIыкIуэм папщIэ артистхэм ягъэлъэгъуащ «Пыlэ пIыхьэ цIыкIу» таурыхь хьэлэмэтыр. Апхуэдэу центрым щекIуэкIащ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, сабийхэр хэтащ асфальтым тращIыхь сурэтхэмкIэ зэпеуэми.

«Лэгъупыкъум» зи узынщагъэр щезыгъэфIакIуэ сабийхэм пщыхьэщхьэм яхуэкIуащ «Балкарие» Къэрал ансамблыр икIи концерт ирагъэпIащ.

ТАМБИЙ Линэ.

Дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр ди республикэм Іэтауэ щагъэлъэпIащ. Абы теухуа гуфIэгъуэ зэхуэс щекIуэкIащ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм. Дзэлыкъуэ районым и администрацэмрэ Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Іэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэу ядэIэпыкъуныгъэ и центрымрэ я жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща зэIущIэм ирагъэблэгъащ бынунагъуэшхуэхэмрэ зыхуей хуэмызэхэмрэ щапI сабий 500-м нэс.

ЩIЫНАЛЪЭ администрацэм и пресс-Іэнатlэм и лэжьакIуэ Щокъуий Іэминэ хьыбар къызэрыдигъэщIэмкIэ, гуфIэгъуэм кьрихьэлIа ныбжьыщIэхэм гуапэу ехьуэхъуащ щIыпIэ администрацэм и Іэтащхьэ Джатэ Руслан.

- Мы дунейм щыдиIэ фIыгъуэхэм я нэхъыщхьэ дыдэщ сабийхэр. Балигъхэм ди къалэнщ абыхэм я гъащIэр хъумэным, ахэр зэшнэзу къегъэтэджыным, щIэныгъэрэ Іэщlагъэрэ етыным гулъытэшхуэ дапщэщи хуэтщIыну. Абы къыхэкIыу къыхэзгъэщIыну сыхуейт нобэрей махуэшхуэр сабийхэм я мызакъуэу, балигъхэми яхуэгъэзауэ зэрыщытыр, - жиIащ Джатэм. - Сабий псоми си гуапэу сыныводахьуэху фыуэзыншэу, фынасыпифIэу, фи адэ-анэхэр къыфIщхьэщIуту фыпсэуну, гъащIэм фи увыпIэ къыщывгъэтыну, ди щIыналъэ дахэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIун куэд къыфхэкIыну.

Сабийхэм папщIэ къызэрагъэпэща концертыр куэдым ягу ирихьащ. Апхуэдэу цIыкIуэхэм я хьэщIащ Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрым и артистхэр. Абыхэм ягъэлъэгъащ «ТхьэкIумэкIыхь хьилэшы» спектаклыр. КъыкIэлъыкIуэу сабийхэр хэтащ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

Махуэшхуэ зэхуэсым къырихьэлIа сабийхэм псоми тыгъэхэр хуащIащ. Абыхэм ираташ пыIэ цIыкIуэр, топхэр. ЦIыкIуэм яхуэупсащ Іэфlыкlэхэмкlэ, лэкъымхэр, щIымэракIуэхэр ирагъэшхащ. Абыхэм ягъуэта гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ куэдрэ яхурикъунщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Я нэгу зрагъэужь

КъБР-м щIыIэ МВД-м Аруан щIынальэм щиIэ къудамэм хэтхэм псапэ ялэжьащ. Къулыкъу ирагъэзащIэу хэкIуэда я лэжьэгъуэхэм я бынэм Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу я нэгу зрагъэужьащ.

ГъЭМАХУЭ зыгъэпсэхугъуэм и пэщIэдзэ махуэм «Полицейский дядя Стёпа» творческэ зэпеуэм щытекIуахэм ягъусэу ахэр КъБР-м и Пъэпкъ музейм щыIащ. Абы и пэш нэхъ цIыкIум Адыгэ ныпым и махуэм хэтхэр псалъэгъуэныгъэ къыщызэIуахат. Ныпым и къалэнымрэ и мыхьэнэмрэ, ар пщIэ хуэпщIу зепхэн зэрыхуейм щагъэгъуэзащ ныбжьыщIэ цIыкIуэр.

ИужькIэ цIыкIуэр яшащ Сурэтыщ Ігъуэзджэхэмкlэ музейм. КъыкIэлъыкIуэу ахэр щыIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и музейм. Абы и унафэщI Черновэ Алёнэ ныбжьыщIэхэм къажриIэжащ хабзэхъумэ Іэнатlэхэр ди республикэм зэрыщызэфIэувам, МВД-м хэт ди щIалэхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэм и хьыбар. ШколакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхьащ мэшвэм щахъумэ сурэтхэр, хабзэхъумэ Іэнатlэм и лэжьакIуэхэм я Іэщэ-фащэхэр. Абыхэм зыщагъэгъуэзащ я къалэн зэгъэзащIэу зэкIуэдахэм ятеухуауэ зэхуахьэса хьыбархэм, нэгъуэщIхэми. Музеим и хьэщIэ цIыкIуэхэр хуабжьу щыгуфIыкIащ МВД-м и дамыгъэр тету кърата фэеплъ тыгъэм.

Зи гугъу тщIа Іуэху щхьэпэр къызэрагъэпэщыным я гуащIэ халъхьащ КъБР-м щыIэ МВД-м Аруан щIынальэм щиIэ къудамэм, Лоскэн, Аруан щIынальэхэм и Ветеранхэм я советым, КъБР-м щыIэ МВД-м Аруан щIынальэм щиIэ къудамэм и Жылагъуэ советым.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Дыгъуакlуэхэм заумысыж

Урысей МВД-м и «Прохладненский» къудамэм зыхуигъэзащ щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым, и унэм сом 9000 щIэкIуэдыкIауэ жиIэу. Полицэм и участковэ уполномоченнэхэм къыщIагъэщащ ахъшэр зыдыгъуар лей зытехьам и Іыхьлы гъунэгъуу зэрыщытыр. Илъэс 46-рэ хъу цIыхухъум илэжьамкIэ зиумысыжащ.

А МАХУЭ дыдэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэ Іэнатlэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ тыкуэным щыдыгъуауэ шэч зыхуащIыр. Прималкинскэ кьуажэм щыпсэури Прохладнэ къалэм дэт сату щIыпIэхэм я зым щIыхьауэ, тыкуэнтетыр зэрыхущIэмыхьэр кьигъэсэбэпри, телъхьэпIэм кIэщIэлъ бохьшэм сом 11000 кьыдихат.

Щlалэм зиумысыжащ илэжьамкIэ. Уголовнэ Іуэхуэр къаIэтащ.

Сом мелуан ныкъуэм щIигъу

2017 гъэм накъыгъэм и 29-м Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и къудамэм зыхуигъэзащ налшыкдэс цIыхубзым. Щхьэусыгъуэр - нэгъабэ и щIышылэм и хьэрычэт Іуэхум зегъэужьыныкIэ къыдэIэпыкъуну къигъэгугъэу, «Камила» зи цIэ цIыхубзым сом 550000-рэ ІэщlигъэкIыу зэрызигъэбзэкьажащ.

УГОЛОВНЭ къэлъыхъуэныгъэм и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр ирагъадащ. Ар нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, илъэс 35-рэ зи ныбжь налшыкдэс цIыхубзщ. Абы зиумысыжащ илэжьамкIэ.

Уголовнэ Іуэху кьаIэтащ.

КъБР-м Къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкlэ щыIэ министерствэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

Хьэрычэтыщlэхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Жариков О. О., Сыриевым и хуитыныгъэхэм я къащхьэщыжыныкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Афэщыжь Ю. С. сымэ мэкъуауэгъуэм и 13-м сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ цIыхухэм щаIущIэнущ КъБР-м и прокуратурэм.

Хьэрычэтыщlэхэм хабзэм къарит хуитыныгъэхэр е я сэбэп зыхэлъхэр къызэпауду къалъытэмэ, екIуалIэ хъунущ мы хэщIапIэм: Налшык къалэ, Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, 16, КъБР-м и прокуратурэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Щхьэщэмыщl Изэ.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●